**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA`M SUW XOJALIG`I MINISTRLIGI**

**TASHKENT MA`MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI**

**NO`KIS FILIALI**

**ZOOTEXNIYA FAKULTETI**

**BAKALAVRIAT 5410600 - ZOOTEXNIYA TA`LIM BAG`DARI**

**IV-KURS STUDENTI**

**MATJANOVA ARIW**

# PITKERIW QA`NIYGELIK JUMISI

**Tema: Qarako`l qoyları o`sip rawajlanıwına ana qoyları jasına baylanıslıg`ın u`yreniw**

Ilimiy basshı:
A. x. i. k. dots. R.U. Turganbaev

**Pitkeriw qa`niygelik jumısı ko’rip shıg’ıldı ha’m jaqlawg’a ruxsat etildi**

«Zootexniya» kafedrası baslıg`ı:
_____________ S. Eshmuratova

2015 ____ ________________

«Zootexniya» fakulteti dekanı:
________________ Jumashev R.

2015 ____ _________________

No`kis-2015 jıl

Mazmunı

Kirisiw-----------------------------------------------------------------------------------------

I. Bap.------------------------------------------------------------------------------------------

1.0. A`debiyatlarg`a sholıw-----------------------------------------------------------------

1.1.Qarako`l qoylardı saqlaw texnologiyasının` olardın` o`nimdarlıq ko`rsetkishlerine ta`siri-----------------------------------------------------------------------

II. Bap.-----------------------------------------------------------------------------------------

2.0. Ta`jiriybe bo`limi---------------------------------------------------------------------

2.1. Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları-----------------------------------------------

2.2. Pitkeriw qa`niygelik jumıstı orınlaw ornı, metodikası ha`m usılları--------------

2.3. Ta`jiriybe ornının` jaylaw ha`m klimatlıq sıpatlaması----------------------------

III. Bap.----------------------------------------------------------------------------------------

3.0. Pitkeriw qa`niygelik jumıstı orınlaw na`tiyjeleri----------------------------------

3.1. Qarako`l qoyların bag`ıw ha`m saqlawdın` jan`a zamanago`y texnologiyalıq usılları-----------------------------------------------------------------------------------------

3.1.1. Qarako`l qozıları tiri salmag`ının` o`sip rawajlanıwg`a ta`siri------------------

3.1.2. Qarako`l qozılari tiri salmag`ının` teri sapasına ta`siri---------------------------

3.1.3. Qarako`l qozıları tiri salmag`ının` jasawshan`lıg`ına ta`siri---------------------

3. 2. Ha`r qıylı da`wirlerde na`silshilik jumısların alıp barıw o`zgeshilikleri---------

3.4.Qa`niygelik jumıstın` talqılanıwı-----------------------------------------------------

Juwmaqlaw ha`m usınıslar----------------------------------------------------------------

IV.Bap.------------------------------------------------------------------------------------------

4.0. Insan xizmeti qa`wipsizligi-----------------------------------------------------------

4.1.Qarako`lshilik fermalarındag`ı miynet qa`wipsizlikleri-----------------------------

Paydalanılg`an a`debiyatlar----------------------------------------------------------------

Qosımshalar----------------------------------------------------------------------------------

## Kirisiw

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` «Jeke ja`rdemshi, diyxan ha`m fermer xojalıqlarında sharwa malların ko`beytiwdi xoshametlewdi ku`sheytiw ha`m sharwashılıq o`nimlerin islep shıg`arıwdı ken`eytiw boyınsha qosımsha ila`jlar haqqında» PQ-842-qararı qabıllandı.  Bul maqsetke erisiw ushın:

- Na`silshilik islerin tu`pten jaqsılıw, jasalma hasıllandırıw boyınsha baza jaratıw, hasıllandırıwshı ha`m veterinar qa`nigelerdi tayarlaw ha`m olardın` mamanlıg`ın attırıw boyınsha kurslar sho`lkemlestiriw bolıp tabıladı.

Qabıl etilgen ila`jlardı a`melge asırıw 2010-jılda jeke ja`rdemshi ha`m diyxan xojalıqlarında qara mallardın` sanın 8,6 milliong`a asırıw, sharwashılıq o`nimlerin jetistiriw menen ba`nt bolg`anlardın` sanın sezilerli da`rejede ko`beytiw, olardın` materiallıq abadanlıg`ın tag`ı da arttırıw mu`mkinshiligin beredi.

Qarako`lshilik a`yyemgi zamannan berli rawajlanıp kiyatırg`an taraw bolıp bulardın` kelip shıg`ıwı haqqında bir neshe pikir oylar (gipotezalar) bar. Arxiv materiallarındag`ı qol jazbalarg`a qarag`anda XIII- a`sir aqırı XIV-a`sirdin` basları Arab sayaxatshısı Ibn - Haukal  Buxara  a`mirliginde qımbat baha haqqında ren`li teriler menen almaslaw (barter) arqalı sawda islep atırg`anın jazıp o`tedi. Keyinshelik Jipek jolı boylap ma`mleketlerde bul qımbat baha terileri menen sawdag`a shıqqanlıg`ı haqqında mag`lıwmatlar bar. Keyinirek Buxara a`mirligi ha`m Xiywa xanlıg`ı ta`repinen Rus Imperatorlarına sawg`a sıpatında usı qarako`l terilerdi aparatug`ınlıg`ı tuwralıda mag`lıwmatlar bar. Negizinde Arab tilinen «Ma`lshi» so`zinen alıng`an bolıp qarako`l degen ma`nini bildiredi.

Ha`zirgi waqıtta du`nya ju`zinde ko`p mug`darda qarako`l terilerin jetistirip beretug`ın Avganstan respublikası bul jerde tiykarınan qara ren`li teriler, Arab ma`mleketleri bunda da tiykarınan qara ren`li teriler, Orta Aziya ma`mleketlerinen Qazaqstan, Tu`rkmenstan ha`m O`zbekstan Respublikalarında jetistiredi. SNG ma`mleketlerinin` ishinde Moldoviya ha`m az mug`darda A`zerbayjan Respulikalarında, Evropa ma`mleketler ishinde Germaniya, Bolgariya, Avstriya respublikalarında ta`jiriybe ushın alıp barılg`an ha`m usı jerde shag`ılıstırıw jolları sınap ko`rilmekte. Ha`zirgi waqıtta qarako`l terileri Sang-Peterburg qalasındag`ı qımbat terilerdi satıw auktsionında talap ku`shli bolg`an ma`mleketlerge satıladı.

Ha`zirgi waqıtta O`zbekstan Respublikası boyınsha 9,5 mln bas qarako`l, Qaraqalpaqstan Respublikasında bolsa 168000 bas qarako`l qoyları bar ekenligi belgili.

Sharwashılıqtı rawajlandırıwda Qarako`lshiliktin` tutqan ornı u`lken a`hmiyetli, sebebi O`zbekstan Respublikasının` sho`l, yarım sho`l zonalarında qarako`lshilikti rawajlandırıw olardın` bas sanın asırıw menen bir qatarda olardan alınatug`ın o`nimler sapasın jaqsılaw ha`zirgi ku`nnin` talabına aylanbaqta. Qaraqalpaqstan Respublikasının` keskin kontinental zonasında ha`m ekologiyalıq qıyın jag`dayında o`zine tu`ser bahası arzan qarako`l o`nimlerin jetistiriw baslı ma`sele bolıp tur.

Bul mashqalalardı a`melge asırıwda qarako`l qoylarınan sapalı teri alıwda jan`a texnologiyalıq usıllardan paydalang`an halda a`melge asırıw maqsetke muwapıq boladı. Qa`nigelik pitkeriw jumısının` aktuallıg`ıda sonnan ibarat.

Keyingi jıllarda Respublikada islep shıg`arılıp atırg`an qarako`l terilerdin` sapası talap da`rejesinen bir qatar pa`seygenligi, onın` ba`sekige shıdam bere almay atırg`anlıg`ı, ishki ha`m du`nya bazarlarında qarako`l terilerimizge bolg`an talaptın` sezilerli pa`seyiwine alıp keldi. Bunday awhaldın` ju`zege keliwinin` tiykarg`ı sebeplerinin` biri qarako`lshilik shirket xojalıqlarında selektsiya ha`m na`silshilik jumıslarının` itibardan shette qalg`anlıg`ınan.

Ma`selen na`silshilik jumıslarının` texnikalıq ta`miyinleniwi talap da`rejesinde emesligi, qoylardı jasalma qashırıw ushın za`ru`r bolg`an qurılmalar, a`sbap-u`skeneler ha`m ximiyalıq materiallardın` jetispewshiligi na`silshilik isinin` pa`seyiwine alıp keldi. Sonın` menen birge na`silshilik xojalıqları o`zlerine ju`kletilgen tiykarg`ı wazıypalardı, yag`nıy na`sildar qoshqarlar tayarlap, tovar xojalıqların ta`miyinlewdi pa`seytip jibergenlikleride tarawdın` rawajlanıwına o`z ta`sirin ko`rsetti, aqıbetinde tovar xojalıqları ko`plep erkek qozılardı o`siriwge qaldırıp, olardan na`sil alıw maqsetinde paydalanıp, tarawda na`silshilik jumısların tuwrı jolg`a qoyıwda o`zine ta`n tosıq bolıp, o`nimnin` sapasın pa`seyttiriwge alıp keldi.

Na`wbettegi tiykarg`ı ma`sele na`silshilik ha`m tovar xojalıqları arasındag`ı baylanıslardı ta`rtipke salıp, tek g`ana na`silshilik zavodlarında jetistirilgen na`silli qoshqarlar menen barlıq xojalıqlardı ta`miyinlew lazım.

Qarako`lshilik o`nimlerinin` sapasın jaqsılawda olarda qayta islew beriwdin` a`hmiyeti og`ada za`ru`r. Qarako`l terilerine qayta islew beriwshi ka`rxanalarda qollanılıp atırg`an texnologiyalar ja`ha`n standartları talabına juwap bermey atırıptı. Respublikamızda iri ju`ndi qayta islep tayar, yarım tayar o`nim islep shıg`arıwshı ka`rxanalardın` joqlıg`ı o`z na`wbetinde xojalıqlarda o`ndirilgen ju`nlerdin` arzan bahalarda satılıwına sebep bolmaqta.

**Temanın` aktuallıg`ı:** Ha`zirgi waqıtta «Qaraqalpaq sur qoyları qozılarının` tiri salmag`ı tiykarg`ı rol oynap, olardı orta semizlikte saqlaw a`hmiyetli wazıypa esaplanadı. Sonın` ushın qarako`l qoylarının` tiri salmag`ı, olardan tuwılg`an qozılar tiri salmag`ına ta`sir etip, ol keleshekte o`sip rawajlanıwg`a o`z ta`sirin tiygizedi.

Sonın` ushın tuwılg`an waqıttag`ı tiri salmaq, keyingi o`nimdalıq ko`rsetkishlergede ta`sirin tiygizedi olardın` tiri salmag`ı boyınsha optimallıqtı anıqlaw pitkeriw qa`niygelik jumıstın` aktuallıg`ı esaplanadı.

**Mashqalanı u`yreniw da`rejesi**: Qaraqalpaqstan Respublikasının` keskin kontinental zonasında ha`m ekologiyalıq qıyın jag`dayında kem qa`rejette qımbat baha qarako`l o`nimlerin jetistiriw baslı ma`sele bolıp tur. Bul ma`seleni orınlawda qarako`l qoylarının` biologiyalıq ko`rsetkishlerdi u`yreniw, o`sip rawajlanıw, tiri salmag`ı anıq belgili zonada bu`gingi ku`nnin` mashqalası esaplanadı.

**Jumıstın` a`meliy a`hmiyeti:** Ha`r jılı qarako`lshilikte jan`a tuwılg`an qozılardın` 80 % tiri qaldırıw ha`m 20 % teri ushın tapsırıladı. Bul birinshiden go`sh o`nimdarlıg`ın jetistiriw bolsa ekinshiden qımbat bahalı qarako`l teri o`nimlerin jetistiriw ha`m sol arqalı Respublikamiz valyuta fondın toldırıw bolıp esaplanadı. Sonı esapqa alg`an halda qarako`l qoylarının` bas sanın ko`beyttiriw baslı ma`sele bolıp turg`an bir waqıtta olardın` optimal tiri salmag`ın u`yreniw arqalı o`sip rawajlanıwdı tiykarlaw jumıstın` a`hmiyetin belgileydi.

# I. Bap.

## 1.0. A`debiyatlarg`a sholıw.

### 1.1. Qarako`l qoylardı saqlaw texnologiyasının` olardın` o`nimdarlıq ko`rsetkishlerine ta`siri

Tu`rli ortalıqtın` qarako`l qoylardın` o`nimdarlıg`ına (ju`nine, terisine, go`sh) ta`siri ha`m solardın` ayırım texnologiyalıq ko`rsetkishlerdi, yag`nıy qoylardın` jası, jaylawı, ot-jem, sharayatları sonday-aq ko`p ju`kliliktin` to`l sıpatına ha`m teri o`nimdarlıg`ına ta`sirin ko`rip shıg`amız.

Jan`a na`sildin` teri o`nimdarlıg`ının` rawajlanıwına sawlıqlar ha`mde na`sildar qoshqarlardın` jası u`lken ta`sir ko`rsetedi. A`sirese bir tu`rge iye bolg`an qarako`l qoylardan o`mirinin` tu`rli da`wirlerinde tarqalg`an na`sildin` teri sıpatı bir qıylı bolmaydı. K.Madaminov 2007 jıl.

Payda bolg`an jaylaw ot-jem sharayatınan olar jasına qaray tu`rlishe ta`sirlenedi, bul bolsa ju`kliliktin` rawajlanıwı ha`m terinin` payda bolıwında u`lken o`zgerisler payda bolıwına alıp keledi. Bul o`zgerisler o`z na`wbetinde teri o`zgeriwine alıp keledi, birinshi sort terinin` sıpatına ha`m o`nimdarlıqtın` mug`darına ta`sir ko`rsetedi. Teri o`nimdarlıg`ının` qarako`l qoylarının` jasına qanshelli baylanıslı ekenligin anıqlaw maqsetinde ta`jiriybe jumısları alıp barıldı. Normal rawajlang`an, bekkem konstitutsiyalı qara qarako`l qoylarının` u`sh otarı ta`jiriybe astında boldı. Olar II klass, jaket terili tipinde bolıp, ortasha buyralı edi.

Birinshi pada bir yarım jaslı urg`ashı qozılardı (n-737 bas), ekinshi otar 3,5-5,5 jaslı sawlıqlardan (n-769 bas) ha`m u`shinshi otar 6 jastan u`lken sawlıqlardın` ha`mmesi tiykarınan bir ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı qoshqardın` ha`m onın` ten` bahalı, yag`nıy bir otardan tarqalg`an ten`lesinin` urıg`ı menen urıg`landırıldı. Usı u`sh otarda barlıq sawlıqlar ha`r qıylı qolay jaylaw ot-jem ko`p sharayatta bag`ıldı. Birinshi otarda ha`m 100 bas sawlıqqa esaplag`anda 93,2 bas, ekinshide 108,7 bas ha`m u`shinshiden 101,1 bas qozı alındı. Alıng`an qozılardın` sıpatına ja`ne de ko`birek itibar berilip to`mendegiler anıqlandı. Ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı (3-6) sawlıqlardan ko`birek (9,7 %), birinshi klass (61,5 %) qozı alındı,

birinshi ma`rtebe qozılag`an sawlıqlardan 3,6 % ha`m 39,3 %, 6 jastan u`lken bolg`an sawlıqlardan 4,0 qozı alındı. (Zakirov M.D, Valiev U. 1983).

Sonı aytıw kerek, 3-6 jaslı sawlıqlardan alıng`an qozılar jaqsı rawajlang`anlıg`ı menen ajıralıp turadı ha`m salmag`ı ha`m birinshi ma`rtebe tuwg`an sawlıqlar qozısınıkınen 524 g, tisine qaray brak qılıng`an sawlıqlar qozısınan 270 g artıq bolg`an.

Kukenov U, (2006) mag`lıwmatına qarag`anda tu`rli islep shıg`arıw jasındag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılar terisinin` tawarlıq qa`siyetleri u`yrenilgende ju`da` a`hmiyetli ko`rsetkishler anıqlandı. Ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılar terisinin` o`lshemli ha`m awırlıg`ı (243 g) bolıp shıqtı.

Birinshi ma`rtebe sawlıq qoylardan alıng`an qozılardın` terisi en` mayda (1860 $sm^2$) ha`m en` jen`il (182 g) bolıp shıqtı, 6 jastan joqarı sawlıqlardan alıng`an qozılar ortasha orındı iyeledi. Saribel liniyası menen Lira liniyalarında ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılardın` terisi basqa gruppalardag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılardikine qarag`anda anag`urlım qalın`, lekin bir tegis, ju`ni uzınıraq ekenligi menen ajıralıp turadı. Birinshi ma`rtebe tuwg`an sawlıqlardan alıng`an qozılardın` terisi juqa, ju`ni bir qansha kelte edi, u`lken jaslı sawlıqlardan alıng`an qozılardın` terisi bolsa mezdrasının` qalın`lıg`ı ha`m ju`ninin` uzınlıg`ı boyınsha aralıq orında tursa da, biraq terisi anag`urlım bos ha`m bir tegis emes edi.

Ju`ninin` jipekligi ha`m jıltıraqlıg`ı ta`repinen ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı ha`m birinshi tuwg`an sawlıqlardın` qozısı ju`da` jaqsı dep esaplanadı. Olardın` 90 % ten ko`birek joqarı jipekli ha`m jipekli, ku`shli ha`m a`piwayı jıltıraq ju`nge iye edi. Tisine qaray brak qılıng`an sawlıqlardan alıng`an qozılar bul ta`repten olardan arqada qaldı.

Olar arasında onsha jipeklikke ha`m jaltırawıqlıqqa iye bolmag`an, dag`al ha`m qurg`aq qalın` ju`nli teri ko`p ushırar edi. Qarako`l gu`llerinin` sıpatındag`ı parıq qarako`l o`nimlerinin` assortimentleri qatnasının` ha`r qıylı bolıwına alıp keledi.

Tu`rli jastag`ı qarako`l qoylar biologiyalıq qa`siyeti boyınsha ha`r qıylı sıpatqa iye. Olardın` jaylawlardan paydalanıw qa`bileti bir qıylı emes, bunın` na`tiyjesinde ana qarnındag`ı ha`mile bolsa ha`r qıylı rawajlanadı, bul bolsa qarako`l terinin` tawarlıq qa`siyetlerine belgili da`rejede ta`sir etedi.

Qarako`l qoyların bag`ıw ha`m saqlaw terinin` qa`siyetlerine ta`sir etiwshi faktorlardan bolıp esaplanadı. Qarako`l qoyları jan`a usılda bag`ıw ha`m saqlaw sharayatınan keskin ta`sirlenedi. Sawlıqlardı a`sirese buwaz da`wirinde jeterli da`rejede toydırıp bag`ıw qozılardın` rawajlanıwına tez ta`sir etip, olardın` terisi qalın`lasıp u`lkeyip mezdrası qalın`lasıwına, salmag`ı awırlasıp, ju`ni uzınlasıwına, buyralasıp ha`m bos bolıp qalıwına sebep boladı. Sawlıqlardı buwazlıq da`wirinde ha`r qıylı da`rejede bag`ıw ha`milenin` ju`ninin` sıpatına ta`sir etedi. Olar buwazlıq da`wirinde jeterli da`rejede bag`ılsa qozılar tiykarınan normal jıltıraq bolg`an jipek ha`m ju`da` jipeklikke iye ju`nli bolıp tuwıladı. Jaqsı toydırmay bag`ılg`anda bolsa tuwılg`an qozılardın` terisinde sıpatlılıq belgileri to`men boladı. Ju`ninin` buyra sulıw bolıwı semiz qozılarda ushırasadı. Olar arasında qımbat bahalı buyralıqqa iye bolg`an teri 90 % ten, kemirek qımbatlı buyralıqqa iye teri 8 % ti quraydı. Terige baha beriw waqtında qarako`l assortimentinin` tovar sıpatı anıqlanadı.

Sonday qılıp buwazlıq da`wirine sawlıqlardı jeterli da`rejede toydırıp ha`m bir ortalıqta bag`ıw ha`milinin` normal rawajlanıwı ha`m haywanlardın` ırsıy imkaniyatları do`gereginde jaqsı teri qa`siyetlerinin` payda bolıwına alıp keledi. Sawlıqlar toydırıp bag`ılmasa olardın` genetik imkaniyatları tolıq ju`zege shıqpaydı. Sonın` ushında bug`an ayrıqsha itibar beriliwi kerek.

Qashırıw ha`m qozılatıw mu`ddetlerin jaylaw sharayatında a`melge asırıwdı sho`lkemlestiriw ha`m ta`rtipke salıw ha`mme waqıt qarako`lshilerdin` dıqqat orayında bolıp kelgen. Ko`plegen ilimpazlardın` anıqlawınsha, jaylawda bag`ıw da`wirinde jaqsı semirgen qoylar ko`birek egiz qozılatıw kompanıyası ju`da` qısqa mu`ddetlerde o`tkiziliwin ta`miynleydi.

Joqarıda tilge alıng`an barlıq sharalardın` maqsetke muwapıqlıg`ı so`zsiz. Biraq qoylardı erte ha`m tıg`ız qozılatıw maqsetke muwapıq ekenligi tuwrısında qarako`lshiler ortasında ulıwma pikir payda bolmag`an. Usıg`an baylanıslı alıp

barılg`an ta`jiriybelerge ha`m olardın` na`tiyjelerine toqtalıp o`tiw orınlı. Ta`jiriybedegi otarlar ba`ha`rgi ju`n qırqımınan keyin, qozıları terisi ushın soyıp jiberilgen sawlıqlardan ibarat edi. Otarlar (u`sh otar) sho`lkemlestirilgennen keyin uzaq jaylawlarg`a aydap ketildi ha`m gu`zgi ju`n qırqımına shekem usı jerde bag`ıldı. Gu`zge shekem qoylar jaqsı semirdi ha`m erte qashırıldı. Urıg`landırıw da`wirinde u`sh otarg`a bir urıg`landırıw punkti xızmet ko`rsetti. Ha`mme otarlardag`ı da`slepki 7-9 ku`n ishinde qashırılg`an barlıq sawlıqlar 600-650 bastan ibarat. Bir jan`a otarg`a birlestirildi. Qalg`an eki otar tap usınday qılıp bir qıylı mu`ddetlerde urıqlandırılg`an sawlıqlardan ibarat boldı. Sawlıqlar qurg`aq ot-jem ha`m kontsentrat azıqlar topalanıp qoyılg`an tipovoy qutonlarda baqlap barıldı ha`m qısqa mu`ddetlerde jaylawda ko`k ot payda bolmastan burın tamamlandı. Ha`r 100 bas qozılag`an sawlıq esabına 112 den qozı alındı. Azıraq keyinirek usı ta`jiriybe otarlarındag`ı sawlıqlar ushın paydalanılg`an qoshqarlardan qashırılg`an sawlıqlardan ibarat islep shıg`arıw otarı kontrol xızmetin atqardı. Kontrol otardag`ı sawlıqlar qozılaw waqtında jeterli semiz emes edi. Olar otlar o`sken da`wirinde qozıladı. Qozılaw sozılıp ketdi ha`m 32 ku`n dawam etti. Ha`r ju`z bas qozılag`an sawlıq esabına 102,7 den qozı alındı. Erte tuwılg`an qozılar arasında elita ha`m birinshi klass, ortasha buyralı gruppag`a tiyisli qozılar anag`urlım ko`p boldı. Erte tuwılg`an qozılardın` terisi kontrol otardag`ıg`a qarag`anda u`lkenligi, beti tegisligi menen ajıralıp turdı, olar mezdrası juqa ha`m mıqlılıg`ı, ju`ni ortasha qalın` ha`m biraz kelte, jipek ha`m ju`da` jıltıraq, buyralıg`ı ha`mde gu`li anıq ko`rinip turıwı menen parq qıldı. (Turganbaev.R.U. 2001 j).

Ta`jiriybe otarında alıng`an birinshi sort qarako`l arasında juqa mezdralı teri mug`darı kontrol gruppadag`ıdan bir qansha ko`p boldı. Kontrol otarda kemirek bahag`a iye bolg`an qalın` mezdralı teri ko`p alındı. Erte tuwılg`an qozılar jazda ja`ziyrama ıssı baslang`ang`a shekem o`zin basqara alatug`ın boladı ha`m kontroldag`ı qozılarg`a qarag`anda irilew ko`rinedi. Sonın` ushın olar quyash nurınan az ta`sirlenedi, anasınan ajıralatug`ın waqıtta olardın` salmag`ı kontrol gruppadag`ı qozılardikine qarag`anda 7,6 kg awırraq edi, olardan ko`birek ju`n alındı ha`m olar qıslawg`a jaqsı awhalda jetip keldi. Sonday qılıp jaqsı

azıqlandırılsa, semirittirilse, erte ha`m qısqa mu`ddette qashırılsa, egiz qozılar ko`p tuwıladı ha`m qoylardın` qısır qalıw awhalları kemeyedi, juqa mezdralı en` qımbat baha teri ko`birek alınadı ha`m qozılardın` den-sawlıg`ı jaqsı boladı. (Yusupov S.Yu.).

Gu`zde tuwılg`an qozılardan alıng`an qarako`l teriler qurg`aq duzlang`an halında a`dewir juqa mezdralı, ju`ni a`dewir qurg`aq ha`m keltelew edi. Gu`zde tuwılg`an qozılardın` terileri arasında birinshi sort qarako`linin` salmag`ı ba`ha`rde tuwılg`an qozılardikine qarag`anda 17,9-18,8 % kemirek boladı. Ha`mme xojalıqlarda da gu`zde tuwılg`an qozılardan alıng`an teriler arasında juqa mezdralı teri ko`pshilikti quradı. (Borisenko E.Ya, Baranova K. 1984).

Birinshi sort terileri tiykarınan jaket-1, qabırg`a sıyaqlı 1 ha`m kavkaz juqa 1 sortlarınan ibarat edi. Qalın` jaket 1, jalpaq qalın` 1 sortları mug`darı bolsa az bolıp shıqtı, sol sebepli barlıq birinshi sort teriler mug`darı az boldı. Bunı sawlıqlardın` buwazlıq da`wiri jazdın` jaziyrama ıssı waqtına tuwra kelgeni ha`m qoylar jaylawda toyıp azıqlana almag`anlıg`ı menen tu`sindiriw mu`mkin. Gu`zde tuwılg`an qozılardın` ko`k ha`m sur qarako`l ha`m birinshi sort terileri mug`darı jag`ınan ba`ha`rgi terilerden keyninde turadı. Birinshi sort sur ha`m ko`k qarako`l teriler mug`darı azayıp ketiwine tiykarınan ju`nnin` ha`m buyralıqlarının` kemeyiwi ha`m de pegmentatsiya bir qansha pa`seygenligi ha`m ju`nnin` qurg`aqlıg`ı sebep boladı. (Axmetshiev A.S. 1989).

Orta Aziyanın` sho`l ha`m qatta sharayatlı jaylawlarında jasaytug`ın qarako`l qoylar jılına bir ma`rte qozılaydı. Jaqsı ot-jem ha`m jaqsı jaylawlarda egiz qozılaw joqarı da`rejede bolıp ha`r bir 100 bas sawlıqqa 115-120 bas qozı tuwrı keledi. Jaylawları onsha otlı bolmag`an xojalıqlarda ha`r 100 bas sawlıq esabında 105-110 nan qozı alınadı. Sawlıqlardın` semizlik da`rejesi olardın` egiz tuwıwına (qozılawına) u`lken ta`sir etedi. Qarako`l qoyları belok ha`m mineral azıq zatlarına iye bolg`an jaylawlarda bag`ılsa olardın` ko`p qozılawına imkan tuwıladı. Keyingi jıllarda shopanlar «ko`p balalaytug`ın» qarako`l qoylar parodasın rawajlandırıwg`a payda qılıwg`a urınıp kelmekte. (Axmetshiev A.S. 1989) II ha`m III-klassqa tiyisli kem qımbatlı ha`m brak teri mug`darı 6 jastan o`tken sawlıqlar na`silinde en` ko`p,

2 jasqa shekem bolg`an sawlıqlar na`silinde ortasha mudarda, 3-6 jastag`ı sawlılar na`silinde bolsa en` kem boldı. Sonı aytıw kerek, 3-6 jaslı sawlıqlardan alıng`an qozılar jaqsı rawajlang`anlıg`ı menen ajıralıp turadı ha`m salmag`ı ha`m birinshi ma`rtebe tuwg`an sawlıqlar qozısınıkınen 524 g, tisine qaray brak qılıng`an sawlıqlar qozısınan 270 g artıq edi.

Kukenov. U, (2006) mag`lıwmatına qarag`anda tu`rli islep shıg`arıw jasındag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılar terisinin` tawarlıq qa`siyetleri u`yrenilgende ju`da` a`hmiyetli ko`rsetkishler anıqlandı. Ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılar terisinin` o`lshemli ha`m awırlıg`ı (243 g) bolıp shıqtı.

Birinshi ma`rtebe sawlıq qoylardan alıng`an qozılardın` terisi en` mayda (1860 $sm^2$) ha`m en` jen`il (182 g) bolıp shıqtı, 6 jastan joqarı sawlıqlardan alıng`an qozılar ortasha orındı iyeledi. Ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılardın` terisi basqa gruppalardag`ı sawlıqlardan alıng`an qozılardikine qarag`anda anag`urlım qalın`, lekin bir tegis, ju`ni uzınıraq ekenligi menen ajıralıp turadı. Birinshi ma`rtebe tuwg`an sawlıqlardan alıng`an qozılardın` terisi juqa, ju`ni bir qansha kelte edi, u`lken jaslı sawlıqlardan alıng`an qozılardın` terisi bolsa mezdrasının` qalın`lıg`ı ha`m ju`ninin` uzınlıg`ı boyınsha aralıq orında tursa da, biraq terisi anag`urlım bos ha`m bir tegis emes edi.

Ju`ninin` jipekligi ha`m jıltıraqlıg`ı ta`repinen ortasha islep shıg`arıw jasındag`ı ha`m birinshi tuwg`an sawlıqlardın` qozısı ju`da` jaqsı dep esaplanadı. Olardın` 90 % ten ko`birek joqarı jipekli ha`m jipekli, ku`shli ha`m a`piwayı jıltıraq ju`nge iye edi. Tisine qaray brak qılıng`an sawlıqlardan alıng`an qozılar bul ta`repten olardan arqada qaldı.

Olar arasında onsha jipeklikke ha`m jaltırawıqlıqqa iye bolmag`an, dag`al ha`m qurg`aq qalın` ju`nli teri ko`p ushırar edi. Qarako`l gu`llerinin` sıpatındag`ı parq qarako`l o`nimlerinin` assortimentleri qatnasının` ha`r qıylı bolıwına alıp keledi.

Qarako`l qoyların bag`ıw ha`m saqlaw terinin` qa`siyetlerine ta`sir etiwshi faktorlardan bolıp esaplanadı. Qarako`l qoyları jan`a usılda bag`ıw ha`m saqlaw

sharayatınan keskin ta`sirlenedi. Sawlıqlardı a`sirese buwaz da`wirinde jeterli da`rejede toydırıp bag`ıw qozılardın` rawalanıwına tez ta`sir etip, olardın` terisi qalın`lasıp u`lkeyip mezdrası qalın`lasıwına, salmag`ı awırlasıp, ju`ni uzınlasıwına, buyralasıp ha`m bos bolıp qalıwına sebep boladı. Sawlıqlardı buwazlıq da`wirinde ha`r qıylı da`rejede bag`ıw ha`milenin` ju`ninin` sıpatına ta`sir etedi. Olar buwazlıq da`wirinde jeterli da`rejede bag`ılsa qozılar tiykarınan normal jıltıraq bolg`an jipek ha`m ju`da` jipeklikke iye ju`nli bolıp tuwıladı. Jaqsı toydırmay bag`ılg`anda bolsa tuwılg`an qozılardın` terisinde sıpatlılıq belgileri to`men boladı. Ju`ninin` buyra sulıw bolıwı semiz qozılarda ushırasadı. Olar arasında qımbat bahalı buyralıqqa iye bolg`an teri 90 % ten, kemirek qımbatlı buyralıqqa iye teri 8 % ti quraydı. Terige baha beriw waqtında qarako`l assortimentinin` tovar sıpatı anıqlanadı.

Gu`zde tuwılg`an qozılardın` ko`k ha`m sur qarako`l ha`m birinshi sort terileri mug`darı jag`ınan ba`ha`rgi terilerden keyninde turadı. Birinshi sort sur ha`m ko`k qarako`l teriler mug`darı azayıp ketiwine tiykarınan ju`nnin` ha`m buyralıqlarının` kemeyiwi ha`m de pegmentatsiya bir qansha pa`seygenligi ha`m ju`nnin` qurg`aqlıg`ı sebep boladı. (Axmetshiev A.S. 1989).

Orta Aziyanın` sho`l ha`m qatta sharayatlı jaylawlarında jasaytug`ın qarako`l qoylar jılına bir ma`rte qozılaydı. Jaqsı ot-jem ha`m jaqsı jaylawlarda egiz qozılaw joqarı da`rejede bolıp ha`r bir 100 bas sawlıqqa 115-120 bas qozı tuwrı keledi. Jaylawları onsha otlı bolmag`an xojalıqlarda ha`r 100 bas sawlıq esabında 105-110 nan qozı alınadı. Sawlıqlardın` semizlik da`rejesi olardın` egiz tuwıwına (qozılawına) u`lken ta`sir etedi. Qarako`l qoyları belok ha`m mineral azıq zatlarına iye bolg`an jaylawlarda bag`ılsa olardın` ko`p qozılawına imkan tuwıladı. Keyingi jıllarda shopanlar «ko`p balalaytug`ın» qarako`l qoylar parodasın rawajlandırıwg`a payda qılıwg`a urınıp kelmekte. (Axmetshiev A.S. 1989).

## II. Bap.

## 2.0. Ta`jiriybe bo`limi

### 2.1. Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` maqseti:** Qarako`lshilikte qoylar bas sanın ko`beyttiriw baslı ma`sele, sonlıqtan bul ko`rsetkishler tiri salmag`ına, o`sip rawajlanıw ko`rsetkishlerge tikkeley baylanısta.

Qaraqalpaq sur qoyları qozılarının` tiri salmag`ının` onın` o`sip rawajlanıwına ta`sirin u`yreniw pitkeriw qa`niygelik jumıstın` maqseti etip alındı.

**Jumıstın` wazıypaları:**

Aldımızg`a qoyg`an maqsetti a`melge asırıw ushın to`mendegi wazıypalardı orınlaw tiyis.

- Qarako`l qoylarının` ayırım biologiyalıq ko'rsetkishlerin u`yreniw ha`m olardın` o`nimdarlıq ko`rsetkishleri menen baylanıslıg`ın anıqlaw.
- Qarako`l qoyların saqlaw ha`m bag`ıwdın` jan`a texnologiyasına minezleme beriw ha`m olardın` o`nimdarlıq ko`rsetkishlerine baylanıslıg`ın u`yreniw.
- Qaraqalpaq qoylarının` jan`a tuwılg`an qozıları tiri salmag`ının` u`yreniw arqalı o`sip rawajlanıw ko`rsetkishlerinin` parametrlerin anıqlaw bolıp esaplanadı.
- Na`silshilik jumıslarındag`ı a`hmiyetin anıqlaw ha`m olardı bahalaw.
- Ilimiy jumıstın` ekonomikalıq na`tiyjeligin anıqlaw.
- Juwmaqlar shıg`arıw ha`m usınıslar beriw.

### 2.2. Pitkeriw qa`niygelik jumıstı orınlaw ornı, metodikası ha`m usılları

Ta`jiriybe jumısları Qaraqalpaqstan Respublikasının` arqa-shıg`ıs rayonları bolg`an Taxtako`pir rayonının` {Mu`lk} xojalıg`ında qarako`l qoyları u`stinde a`melge asırıldı.

Keste-1

«Mu`lk» xojalıg`ının` o`ndirislik minezlemesi

| Jıllar | Qarako`l qoylardın` bas sanı | Sonnan sawlıq qoylar bas sanı | Islep shıg`arılg`an | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Qarako`l, dana | Ju`n. tonna | Go`sh. tonna |
| 2006 | 20444 | 10398 | 1152 | 23 | 115 |
| 2007 | 22610 | 11098 | 1173 | 24,2 | 112 |
| 2008 | 23514 | 11511 | 1507 | 25,6 | 127 |
| 2009 | 24690 | 11933 | 1675 | 23,6 | 102 |
| 2010 | 25514 | 11711 | 1697 | 23,9 | 107 |
| 2011 | 25690 | 12033 | 1699 | 24,6 | 132 |
| 2012 | 25789 | 12078 | 1732 | 24,9 | 134 |
| 2013 | 25871 | 12123 | 1754 | 25,1 | 143 |
| 2014 | 25976 | 12200 | 1768 | 25,7 | 154 |

Bul kesteden ko`rinip turg`anınday qarako`l qoyları bas sanı ha`r jılı asıp baratırg`anın ko`riw mu`mkin. 2006-jılg`a salıstırg`anda 2014-jılı qarako`l qoyları bas sanı 27,0 % ge asqan. Bul ko`rsetkishler xojalıqtın` unamli tu`rde selektsiya alıp barg`anınan derek beredi.

**Diagramma-1**




Ta`jiriybe jumısları qarako`l qoyları fiziologiyalıq ko`rsetkishlerinin` jıl ma`wsimine baylanıslıg`ın u`yreniw u`stinde alıp barılıp, olar fiziologiyalıq ko`rsetkishleri boyınsha jıl ma`wsimi dawamındag`ı temperatura, puls ha`m dem alıw chastotası anıqlanıldı.





Jaylaw tipleri

Taxtako`pir rayonının` {Mu`lk} xojalıg`ında Chesotka (35 tir), Fastsiolez, Exinokokkoz kesellikleri ko`birek ushıraytug`ınan derek beredi. (Mag`lıwmat rayonlıq veterinariya laborotoriyasinan alıng`an). A`sirese Chesotka keselligi suw jıynalıp qalatug`ın orınlarda, suw ko`p waqıt turıp qalıwı menen suwda ha`r qıylı ja`nlikler son` ha`m tag`ı basqalar rawajlanıp baradı. Sol sebepli chesotka keselliginin` payda bolıwına sebep boladı.

Jer astı artezian qudıqlarınan jıynalıp qalg`an suwlar ko`lmek payda etedi. Na`tiyjede ol orınlarda ha`r qıylı keselliklerdin` payda bolıwına alıp keledi. Mısalı chesotka, fastsiloez kesellikleri sonday suwlar sebebinen payda boladı. Bunday suwlar jıynalg`an orınlarg`a qoylardı waqtınsha baqpaw, a`sirese iyul-avgust aylarında bunday ko`lmek suwlardan suw ishiriw qadag`an etiledi.





4, 5, 6, 7- su`wretler. «Mu`lk» xojalıg`ının` qarako`lshilik jaylawları basqa tu`rdegi awıl xojalıq haywanları bas sanı ko`rsetkishleri ha`r jılı azayıp baratırg`anın ko`riw mu`mkin.

Diagramma-2




Bul diagrammada-2 qubla Taxtako`pir rayonının` «Mu`lk» xojalıqlarında 2006-2014 jıllar arasındagı qotır keselliginin` salıstırmalı o`zgeriwin ko`riw mu`mkin.

Ta`jiriybe jumısları jan`a tuwılg`an qaraqalpaq sur qozıları u`stinde alıp barılıp, olar tiri salmag`ı boyınsha bes toparg`a bo`lindi.

Birinshi topar 2,0-2,5 kg tiri salmaqtag`ılar.

Ekinshi topar 2,5-3,0 kg tiri salmaqtag`ılar.

U`shinshi topar 3,0-3,5 kg tiri salmaqtag`ılar.

To`rtinshi topar 3,5-4,0 kg tiri salmaqtag`ılar.

Besinshi topar 4,0-4,5 kg tiri salmaqtag`ılar.

Bul ta`jiriybe toparlarında tiri salmag`ına baylanıslı tu`rde o`sip rawajlaniw ko`rsetkishleri u`yrenildi.

Ta`jiriybe sxemasi




**Alıng`an na`tiyjeler juwmag`ı**

**O`sip – rawajlanıwdı u`yreniw.**

Haqıyqıy o`siw haywanlardın` belgili waqıt (ku`n, ay, jıl) dawamında qosımsha o`siwi bolıp tabıladı. Haqıyqıy o`siwde to`mendegi formula menen anıqlaw mu`mkin.

$$A=K-D$$

Bunda A-haqıyqıy o`siw, K-keyingi salmag`ı, D-da`slepki salmag`ı.

Mısal ushın bir buzawdın` haqıyqıy o`siw tezligin anıqlayıq. Ko`z aldımızg`a keltireyik, onın` tuwılg`andag`ı salmag`ı 25 kg. Aradan bir ay o`tkennen son`g`ı

salmag`ı 48 kg jetken. Demek onın` bir aydag`ı haqıyqıy o`siwi (48-25) kg dı quraydı.

Sonın` menen birge buzawlardın` sutkalıq o`siwin to`mendegi formula boyınsha esaplap tabıw mu`mkin.

$$S=\frac{A-D}{V}$$

Bul jerde, S-sutkalıq o`siwi, A- haqıyqıy o`siwi, D-da`slepki salmag`ı, V-eki ma`rte o`lshew ortasındag`ı waqıt (ku`n esabında).

Solay etip, buzawdın` sutkalıq o`siwi $S=\frac{23}{30}=766\ г$ esaplanadı.

**Salıstırmalı o`siw.** Haywanlardın` belgili waqıt ishinde (ay, ku`n) qosılg`an salmag`ının` da`slepki salmag`ına salıstırılıwı bolıp protsent penen belgilenedi. Onı to`mendegi formula boyınsha esaplap tabıw mu`mkin.

$$N=\frac{K-D}{D}X\ 100$$

Bunda, N-salıstırmalı o`siw, K-keyingi salmag`ı, D-da`slepki salmag`ı, 100-koeffitsent.

Qarako`l qozıları tiri salmag`ı ta`rezide tartıw arqalı a`melge asırıldı, bunda ± 200 gramm anıqlıqta esaplanıldı. Qarako`l qoyları jası jurnal arqalı anıqlanıldı ha`m ta`jiriybe jumısları ushın paydalanıldı.

Qarako`lshilikte tiykarınan to`mendegi dene o`lshemleri ha`m parametrleri esapqa alınadı.

1. Jawırın biyikligi
2. Gewdenin` qıya uzınlıg`ı
3. Janbas su`yek biyikligi
4. Ko`kirek shuqırlıg`ı
5. Ko`kirek ken`ligi
6. Bas uzınlıg`ı
7. Ko`kirek aylanası
8. Ayaq su`yek aylanası

Eksterer - bul haywanlardın` o`nimdarlıq xarakterinin` sırtqı ko`rinisi bolıp esaplanadı.

N.P.Chirvinskiy, A.A.Maliganov, S.N.Bogolyubskiy ha`m basqalar ha`milelik waqtında eksterer ko`rsetkishlerinin` o`siwin bir tegis emes ekenin anıqlag`an.

Keste-2

Dene du`zilisi indeksleri

| Indeksler atı | Indekslerin anıqlaw formulaları, % |
|---|---|
| 1 | 2 |
| Uzın ayaqlılıq | Jawrın biyikligi-ko`kirek shuqırlıg`ı x 100 / Jawrın biyikligi |
| Sozılıwshan`lıq | Gewdenin` qıya uzınlıg`ı x 100 / Jawrın biyikligi |
| Ko`kirekligi | Ko`kirek ken`ligi x 100 / Ko`kirek shuqırlıg`ı |
| To`s-ko`kirek | Ko`kirek ken`ligi x 100 / Janbas shuqırları aralıg`ı ken`ligi |
| Tolısqanlıq | Ko`kirek aylanası x 100 / Gewdenin` qıya uzınlıg`ı |
| Boyshan`lıq | Dumg`oza biyikligi x 100 / Jawrın biyikligi |
| Su`yeklilik | Poycha aylanası x 100 / Jawrın biyikligi |
| Ken` man`lay | Man`lay ken`ligi x 100 / bas uzınlıg`ı |
| U`lken baslı | Bas uzınlıg`ı x 100 / Jawırın ba`lentligi |

Dene indekslerinin` grafik ta`riypi eksterer profili dep ataladı.

Eksterer profilleri tiykarınan eki haywan, liniyaların parodalardı o`z-ara salıstırıw ushın ha`m standart talaplarına salıstırıwg`a xızmet qıladı.

Qarako`l qozıları dene du`zilislerin u`yreniw arqalı olardın` o`zgeriw anıqlaw, dene parametrlerinin` ta`jiriybedegi 3 toparda o`zgeriwin anıqlaw ha`m juwmaq shıg`arıw kerekli materiallardan lentalı materiallardan lentalı metr, Vilkine tsırkuli, lidtin tayaqshasınan paydalanıladı. Alıng`an na`tiyjeler M±m, Ú. S F

{Zootexniyada biometrik usıl} da (Ploxinskiy, 1963) ha`m tiyisli programma (selektsiya) tiykarında esaplanadı.

### 2.3. Ta`jiriybe ornının` jaylaw ha`m klimatlıq sıpatlaması

Sho`l ha`m yarım sho`llerde o`setug`ın o`simlikler a`dette, tu`rli azıq gruppalarına bo`linedi. Ha`r bir gruppag`a bir qatar belgileri: ishteyligi, ma`wsimli paydalanıwı, toyımlılıg`ı h.t.b. boyınsha bir qıylı bolg`an o`simlikler kiredi. Azıqlı o`simliklerdin` tiykarg`ı gruppaları efemerler ha`m efemeroidlar, bir jıllıq otlar, qopal otlar ha`m putalardan ibarat. Efemerler ha`m efemereoidlar gruppasına ıssı baslang`ansha pu`tin vegetatsiya protsessin tamamlanatug`ın ju`da` ko`p ba`ha`rgi o`simlikler kiredi. Olar ba`ha`rde jaylawlardag`ı en` toyımlı ha`m vitaminge bay azıq bolıp buwaz ha`m bala emizetug`ın qoylar ushın bahalı, olar jazda quwrap qalsa da qoylar ushın qımbatlı otlar.

Ren` (qarabas) - efemeriod bolıp, saz topıraqlı jerlede, a`sirese taw aldı shala sho`llerde ken` tarqalg`an. Ren` sho`l ha`m shala sho`l jaylawlarda o`setug`ın ba`ha`rgi tiykarg`ı azıqlı o`simlik. Onın` vegetatsiyası erte ba`ha`rde, basqa o`simliklerden erterek baslanadı, ayırım waqıtta gu`zde ko`kleydi. Marttın` aqırı apreldin` basında ha`wij alıp o`sedi. Gu`lley baslag`an ren`nin` quramında orta esapta 19 % proteyn ha`m 20,5 % tselmoloza boladı. Gu`llew da`wiri aqırında o`simliktin` 100 kg massasında sa`l kem 100 azıq birligi, 8,5 kg proteyn boladı. Marttın` baslarında tolıq gu`lge kirgen da`wirinde o`simliktin` 100 g qurg`aq massalı quramında 28,5 mg karotin boladı, miywelep tawsılg`an waqıtta onın` mug`darı 23,34 mg g`a shekem azayadı. Iloh - efemeriod o`simlik bolıp, qumlı sho`llerde, qumlıqlarda o`sedi, boyı 10-20 sm ge shekem o`sedi. Vegetatsiyası, a`dette fevraldın` aqırında baslanadı, may ayında qurg`ap qaladı. Bul o`simlik qumdı bekkemleydi, barlıq tu`rdegi sharwa malları ushın, a`sirese qoy, eshkiler ushın a`jayıp azıq esaplanadı. Ba`ha`rde gu`llep turg`an iloh quramında 19 % proteyn boladı. Ol karatin ha`m S vitaminge bay. Vegetatsiya da`wirinde onın` quramında 100 mg/kg karotin ha`m 24,30 mg/kg. S vitamin barlıg`ı anıqlang`an.

Jıltırbas - qımbatlı jaylaw o`simlik bolıp, derlik ha`r qıylı boz topıraq ha`m qum topıraqlı jerlerde ken` tarqalg`an. Bul o`simlikler fevraldın` ortalarınan rawajlana baslaydı. Ba`ha`rde vitaminge bay azıqlıq ot bolıp, gu`llep atırg`an da`wirinde qurg`atılg`an 100 kg massası quramında 92,3 azıq birligi ha`m 5,4 kg proteyn boladı. Vegetatsiya da`wirinin` basında 100 g qurg`aq o`simlik quramında 55 mg shamasında karotin boladı.

Qon`ırbas - barlıq jaylawlarda ken` tarqalg`an saz, qumlıqlarda jaqsı o`sedi. Qon`ırbas joqarı azıqlıq qa`siyetke iye bolıp - a`sirese vegetatsiya da`wirinde onın` quramında 17 % proteyn, 26,3 % tsellyuloza boladı. Ko`p jawın-shashın bolg`an jılları qon`ırbas pishen ushında orıp alınadı, haywanlar ushın sin`imli ot bolıp esaplanadı.

Ta`jiriybe jumısları usı zonag`a tiyisli Taxtako`pir rayonının` {Mu`lk} xojalıg`ında alıp barıldı. Bul zona tiykarınan qumlı zona ot-sho`plerdin` zu`ra`a`tliligi ortasha 1,0-2,5 ts/ ga a`tirapında.

## Klimatlıq sıpatlaması

Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyası keskin kontinental klimatqa kirip qısı suwıq, jaz ayları ıssı esaplanadı. Taxtako`pir rayonı territoriyası arqa batıs Qızılqum territoriyasına kirip tiykarınan qumlı zonalar esaplanadı. Qızılqum zonası ulıwma ko`lemi 20 ln g`a.





Bul zonada 1 jıllıq efemer sho`plerden baslap ko`p jıllıq seksewillerge deyin ushırasadı. Bul zonada qoylar, tu`yeler ushın qımbatlı azıq esaplanadı. Qızılqum zonasındag`ı bul sho`plerden zu`ra`a`ti ortasha 1,0-2,5 tsentner/g`a.

Ta`jiriybe zonasının` klimatlıq jag`dayı qarako`l qoyları biologiyalıq qa`siyetlerine ta`sir ko`rsetedi. Biologiyalıq qa`siyetleri boyınsha bul keskin kontinental klimatqa beyimlesken qarako`l parodasının` Qızılqum populyatsiyasına kirgiziw mu`mkin.

Bir jılda ortasha suwıq bolmag`an ku`nler 180 ku`nge ten`, en` joqarı jawın-shashın mug`darı mart-aprel aylarına tuwrı keledi.

Mallardı o`rshitiw ko`pshilik jag`ınan sol rayonnın` ta`biyg`ıy klimat ha`m xojalıq ot-jem jag`daylarına baylanıslı. Bul jag`daylar qoy o`siriwshilikte ayrıqsha a`hmiyetke iye, sebebi qoylar jıldın` ko`pshilik ma`wsimlerinde jaylawda bag`ıladı. Qaraqalpaqstan Respublikasının` territoriyası tiykarınan alg`anda sho`listan zonasına kiredi. Territoriyanın` ko`pshilik bo`limi tegislik, Aral ten`izine qaray azmaz qıyamaylanıp baradı. Batıs bo`limi - sho`llik, biyik bar. Shıg`ıs bo`limi Qızılqum sho`li, Qızılqumnın` arqa ta`repleri to`beshik - dizbekli qumlar ha`m burıng`ı da`ryalardın` kewip qalg`an ken` an`g`arları menen ajraladı.

Respublikanın` qonıs basqan territoriyasının` ana bası menen mına basının` uzaqlıg`ı: arqadan qublag`a qaray 500, shıg`ıstan batısqa qaray 850 km di iyelep atır.

## III. Bap.

## 3.0. Pitkeriw qa`niygelik jumıstı orınlaw na`tiyjeleri

### 3.1. Qarako`l qoyların bag`ıw ha`m saqlawdın` jan`a zamanago`y texnologiyalıq usılları

Qarako`l qoylarının` biologiyalıq qa`siyetlerinen tiykarg`ısı bul konstitutsiyası, eksterer ko`rsetkishleri, tiri awırlıg`ı bolıp esaplanadı. Bul ko`rsetkishlerden tısqarı na`silge beriliwin ko`plegen alımlar u`yrengen (Kulikov, 1973, Borisenko, Baranova, 1984, Axmetshiev, 1989, ha`m ko`plegen alımlar u`yrenildi.

Qarako`lshilikte na`silshilik jumıslarında tek bekkem tip qoshqarlardan paydalanıw ha`m sol tiptegi qoshqarlardı na`zik ha`m qopal tiptegi qoylarg`a qoyıw arqalı biologiyalıq qa`siyetlerin jaqsılaw mu`mkin.

Qarako`l qoylarının` semizlik da`rejesi olardan alıng`an qozılar tiri salmag`ına ta`sir ko`rsetedi.

To`mende bul baylanıslıq ko`rsetilgen keste berilgen.

Keste-3

Semizlik da`rejesinin` alıng`an qozılar tiri salmag`ına ta`siri.

(Yusupov.S.Yu. mag`lıwmatı 1992 jıl.)

| Semizlik da`rejesi | Qozılar tiri salmag`ı, kg | | |
|---|---|---|---|
| | 1-3 ku`nlik | 1-aylıq | 6-aylıq |
| Joqarı | $4{,}2 \pm 0{,}2$ | $8{,}1 \pm 0{,}6$ | $26{,}1 \pm 1{,}0$ |
| Orta | $3{,}9 \pm 0{,}3$ | $7{,}9 \pm 0{,}5$ | $25{,}7 \pm 0{,}9$ |
| Ortadan to`men | $3{,}7 \pm 0{,}3$ | $7{,}8 \pm 0{,}5$ | $24{,}8 \pm 0{,}8$ |

Bul kesteden ha`r qıylı semizlikdegi qarako`l qoylardan alıng`an qozılardın` tiri awırlıq dinamikasın ko`riw mu`mkin. Joqarı semizlikdegi qoylardan (1-3 ku`nlik) $4{,}2 \pm 0{,}2$ tiri awırlıqdag`ı qozılar orta semizlikdegilerden $3{,}9 \pm 0{,}3$ kg, al ortadan to`men semizlikde bolsa $3{,}7 \pm 0{,}3$ kg qozılar tuwılg`an. Bul ko`rsetkishler keyingi da`wirlerde (1 aylıq, 6 aylıq) saqlanıp qalg`an.

Keste-4

O`nimdarlıq ko`rsetkishlerdin` na`silge beriliwi to`mendegi kestede berilgen teri tipleri na`silge beriliwi (Axmetshiev 1989).

| Teri tipleri | Alıng`an na`sil, % | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Jaket | Qabırg`a | Tegis | Kavkaz |
| Jaket x jaket | 86,0 | - | - | 14,0 |
| Jaket x qabırg`a | 60,0 | 35,0 | 5,0 | - |
| Jaket x tegis | 55,0 | - | 40,0 | 5,0 |
| Jaket x kavkaz | 65,0 | - | - | 35,0 |
| Qabırg`a x tegis | - | 50,0 | 50,0 | - |
| Qabırg`a x kabırg`a | - | 85,0 | 10,0 | 5,0 |

Qarako`lshilikte jaylaw sharayatın esapqa alg`an halda qozılatıw mu`ddeti belgilenedi. Bizin` Respublikamız jag`dayındag`ı ıqlım klimatların esapqa alg`an halda orta mu`ddetli qozılatıw jumısları alıp barıladı. Qozılatıw mu`ddeti tu`rleri to`mendegishe.

1. 15-mart 25-mart aralıg`ı. Bul mu`ddettegi qozılatıwdı erte qozılatıw dep ataladı. Bunday mu`ddetler tiykarınan qubla zonalarda jaylaw sharayatın joqarı zu`ra`a`tli bolg`anda alıp barıladı.

2. 25-mart 5-aprel. Orta qozılatıw da`wiri dep ataladı.

3. 5-15 aprel aralıg`ı. Bul kesh qozılatıw da`wiri dep ataladı.

Ilimiy ta`jiriybege tiykarlang`an halda erte, orta, kesh qozılatıwlar teri sapasına ha`m haywanlardın` fiziologiyalıq jag`daylarına tikkeley ta`sir qıladı. Mısalı: M.D.Zakirov mag`lıwmatlarına qarag`anda qozılatıw mu`ddetleri teri sapasına to`mendegishe ta`sir qıladı.

Keste-5

| q/s | Mu`ddetleri | Teri sortı % | | | Jasawshan`lıg`ı |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Elita | I | II | |
| 1 | 15-25 mart | 20 | 65 | 15 | 95 |
| 2 | 25-mart 5-aprel | 17 | 63 | 20 | 93 |
| 3 | 5-15 aprel | 14 | 56 | 30 | 91 |

Bul kestede tu`rli qozılatıw mu`ddetlerinin` teri asapesina ta`siri ko`rsetilgen.

### 3.1.1. Qarako`l qozıları tiri salmag`ının` o`sip rawajlanıwg`a ta`siri

Qaraqalpaq su`t qarako`l qozıları tiri salmag`ının` o`sip rawajlanıwg`a ta`sirin u`yrengenimizde to`mendegishe ta`jiriybe juwmaqlarına keldik.

Keste-6

Ta`jiriybedegi qozılardın` tiri salmag`ının` dene o`lshemleri baylanıslıg`ı

| q\s | Dene o`lshemleri | Jan`a tuwılg`an qozılar tiri salmag`ı, kg. | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 2,0-2,5 (p=5) | 2,5-3,0 (p=6) | 3,0-3,5 (p=8) | 3,5-4,0 (p=7) | 4,0-4,5 (p=5) |
| 1 | Jawırın biyikligi | 63,3 | 64,5 | 65,4 | 65,9 | 66,4 |
| 2 | Gewdenin` qıya uzınlıg`ı | 62,1 | 64,6 | 66,1 | 66,5 | 67,1 |
| 3 | Janbas su`yek biyikligi | 63,7 | 65,4 | 66,3 | 66,7 | 67,2 |
| 4 | Ko`kirek shuqırlıg`ı | 27,5 | 28,5 | 29,8 | 30,1 | 30,8 |
| 5 | Ko`kirek ken`ligi | 16,4 | 16,8 | 16,9 | 17,1 | 17,3 |
| 6 | Bas uzınlıg`ı | 19,7 | 20,4 | 21,1 | 21,4 | 21,8 |
| 7 | Ko`kirek aylanası | 76,1 | 80,3 | 83,4 | 84,5 | 84,9 |
| 8 | Ayaq su`yek aylanası | 7,3 | 7,5 | 7,8 | 7,9 | 8,1 |

Ta`jiriybedegi qozılardın` (5-topar) dene o`lshemleri kestede ko`rsetilgenindey 2,0-2,5 kg tiri salmaqtag`ı dag`ı qaraqalpaq sur qozılardın` (p=5) jawrın biyikligi 100 % dep qabıl etilse, 2,5-3,0 kg tiri salmaqtag`ı dag`ı

qozılardın` jawrın biyikligi 101,9 %, 3,0-3,5 kg tiri salmaqtag`ılarda bolsa 103,3 %, 3,5-4,0 kg tiri salmaqtag`ılarda 104,1 %, 4,0-4,5 kg tiri salmaqtag`ılarda 104,8 % ekenin ko`riw mu`mkin. Qalg`an eksterer ko`rsetkishlerde de tiri salmag`ı asg`an sayın o`sip barg`anın ko`riw mu`mkin.

Keste-7

Ta`jiriybedegi qozılardın` tiri salmag`ı jasına qaray o`zgeriwi. kg.

| № | Jan`a tuwılg`an qozılar tiri salmag`ı, kg. | 10-ku`nde | 1-ayda |
|---|---|---|---|
| | | M±m | M±m |
| 1 | 2,0-2,5 kg. (p=5) | 5,5±0,3 | 7,8±0,7 |
| 2 | 2,5-3,0 kg. (p=6) | 5,9±0,4 | 8,1±0,7 |
| 3 | 3,0-3,5 kg. (p=8) | 6,2±0,4 | 8,6±0,8 |
| 4 | 3,5-4,0 kg. (p=7) | 6,5±0,5 | 8,9±0,8 |
| 5 | 4,0-4,5 kg. (p=5) | 6,9±0,5 | 9,3±0,9 |

Bul kestede ta`jiriybedegi qozılardın` tiri salmag`ı jasına qaray o`zgeriwin analiz qılg`anımızda 2,0-2,5 kg tiri salmaqta tuwılg`an qozılarda 10-ku`nlik da`wirine kelip 5,5±0,3 kg bolg`an bolsa, 1-aylıq da`wirinen kelip 7,8±0,7 kg bolg`an. Yag`nıy 1-aylıq da`wirinde absolyut o`sim 5,3 kg quradı.

Bul ko`rsetkish 2,5-3,0 kg topardag`ılarda 5,1 kg, 3,0-3,5 kg topardag`ılarda 5,1 kg, 3,5-4,0 kg topardag`ılarda 4,9 kg, 4,0-4,5 topardag`ılarda 4,8 kg dı quradı. Juwmaq qılıp aytsaq tiri salmag`ı tuwılg`an waqıtta az bolsa da keyingi jaslarg`a kelip 10-ku`n, 1-aylıq arasındag`ı parq qısqarıp barg`anın ko`riw mu`mkin.

### 3.1.2. Qarako`l qozıları tiri salmag`ının` teri sapasına ta`siri

Qaraqalpaq sur qozılarına tiyisli qamar gu`lli terilerde sur da`rejesi analizlew ushın to`mendegi ta`jiriybe na`tiyjelerinen alıng`an mag`lıwmatlarg`a tayanıp keste tiykarında keltiremiz.

Keste-8

Qamar gu`lli terilerde sur da`rejesine baylanıslıg`ı,%

| Ta`jiriybe toparları | Qamar gu`li teriler ren`leri | Sur da`rejesi, % | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1\10, | 2\10, | 3\10, | 4\10, | 5\10, |
| 2,0-2,5 kg. (p=5) | Qara qamar | 38 | 27 | 20 | 10 | 5 |
| | Orta qamar | 15 | 22 | 28 | 20 | 15 |
| | Qızıl qamar | 13 | 22 | 34 | 21 | 10 |
| 2,5-3,0 kg. (p=6) | Qara qamar | 41 | 29 | 19 | 9 | 2 |
| | Orta qamar | 12 | 19 | 28 | 22 | 19 |
| | Qızıl qamar | 13 | 23 | 31 | 22 | 11 |
| 3,0-3,5 kg. (p=8) | Qara qamar | 41 | 31 | 18 | 7 | 3 |
| | Orta qamar | 12 | 18 | 35 | 22 | 13 |
| | Qızıl qamar | 14 | 29 | 31 | 18 | 8 |
| 3,5-4,0 kg. (p=7) | Qara qamar | 39 | 27 | 21 | 11 | 2 |
| | Orta qamar | 12 | 19 | 28 | 22 | 19 |
| | Qızıl qamar | 11 | 21 | 33 | 24 | 11 |
| 4,0-4,5 kg. (p=5) | Qara qamar | 9 | 16 | 31 | 25 | 19 |
| | Orta qamar | 11 | 21 | 33 | 24 | 11 |
| | Qızıl qamar | 13 | 23 | 33 | 22 | 9 |

Bul kestede tuwılg`an waqıttag`ı tiri salmaq qanshelli ko`p bolsa, Sur da`rejesi asıp, yag`nıy teri sapası ushın unamsız ko`rsetkishlerdin` payda bolıwı gu`zetiledi.

Surlıq da`rejesi qanshelli ko`p bolsa, Qaraqalpaq sur terileri o`zinin` originallıg`ın joytadı yag`nıy aq ren`degiler sanı ko`beyip baradı. Juwmaq qılıp aytsaq jan`a tuwılg`an qozılar tiri salmag`ı optial bolıwı kerek.

### 3.1.3. Qarako`l qozıları tiri salmag`ının` jasawshanlıg`ına ta`siri

Qarako`l qozıları tiri salmag`ı, jasawshan`lıg`ı ko`rsetkishlerine ha`r qıylı sebebler ta`sir ko`rsetedi. Solardan baslıları bizin` ta`jiriybe jumıslarımızda qozılarda o`pke keselligi, sawlıq qoylarda ot-jem jetispewshiligi, ulıwma aytqanda zootexniyalıq qa`delerdın` buzılıwı bolıp tabıldı.

Keste-9

Qarako`l qozıları tiri salmag`ının` jasawshan`lıg`ına ta`siri

| № | Ta`jiriybe toparları | Bir aylıq da`wirinde-gi jasawshan`-lıg`ı, bas | Protsent esabında | Azayıwshılıq sebebi |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2,0-2,5 kg.(p=5) | 4 | 80,0 | Sawlıq qoylarda ot-jem jetispewshiligi |
| 2 | 2,5-3,0 kg.(p=6) | 5 | 83,3 | Sawlıq qoylarda ot-jem jetispewshiligi |
| 3 | 3,0-3,5 kg. (p=8) | 8 | 100,0 | - |
| 4 | 3,5-4,0 kg. (p=7) | 7 | 100,0 | - |
| 5 | 4,0-4,5 kg. (p=5) | 4 | 80,0 | Zootexniyalıq qa`delerdin` buzılıwı, Qozılarda o`pke keselligi, sawlıq qoylarda ot-jem jetispewshiligi |

Bul kesteden ko`rinip turg`anınday jan`a tuwılg`an qozılardın` bir aylıq da`wirindegi jasawshan`lıg`ı ha`r qıylı bolg`an, yag`nıy 2,0-2,5 kg (p=5) topardag`ılarda tuwılg`an qozılarda jasawshanlıq 80,0 % bolg`an. Al, 2,5-3,0 kg (p=6) tiri salmaqdag`ı tuwılg`an qozılarda jasawshanlıq 83,3 % bolg`an bolsa, 3,0-3,5 kg (p=8) ha`m 3,5-4,0 kg (p=7) tiri salmaqtag`ı toparlarda jasawshanlıq 100,0 %, 4,0-4,5 kg (p=5) topardag`ılarda bolsa 80,0 % ekenin ko`riw mu`mkin.

## 3. 2. Ha`r qıylı da`wirlerde na`silshilik jumısların alıp barıw o`zgeshilikleri

Ha`r bir xojalıqta qozılar rawajlanıw da`rejesine qaray eksterine, den-sawlıg`ına, konstitutsiyasına qaray na`silli qoshqarlar jetistiriw maqsetinde 10-15 ku’nliginde, 1,5 jasarında bahalanadı.

Bunday bahalawlar (dinamik bonitirovka) metodik ko`rsetpeleri M.F.Ivanov ta`repinen islep shıg`ılg`an zavod tipindegi na`silshilik xojalıqlarında na`sil alıw ushın 10-15 ku`nlik, 4 aylıq ha`m 1,5 jasar da`wirinde to`mendegishe bahalanadı.

1. 10-15 ku`nlik da`wirinde bahalaw.

Qarako`l teri sapa ko`rsetkishleri qarako`l gu`linin` saqlanıp qalıw da`rejesi, teri tipleri, ren`i esapqa alınıp bahalanadı ha`m de to`mendegi ko`rsetkishlerge sıpatlama beriledi: rawajlanıwı, semizlik da`rejesi, pigmentatsiya saqlanıw da`rejesi, jipeklilik ha`m jıltıraqlılıq saqlanıw da`rejesi boyınsha 10-15 ku`nlik da`wirinde qarako`l terisinin` sapasında o`zgerisler bolsa yag`nıy aq ju`n talaları payda bolg`an bolsa, qara ren`de qon`ır ren`ge yamasa o`z ren`inen basqa ren`ge o`tken rawajlanıw to`menlese, yamasa qopal konstitutsiyag`a o`tken bolsa brak qılınadı. Bunday bahalaw xojalıq bas zootexnigi, bunday na`silshilik zootexnigi, bonitirovkashı ta`repinen 10-15 ku`n ishinde a`melge asıradı.

2. 4 aylıg`ında bahalaw.

Qozılar bul da`wirde anasınan ajıratıladı ha`m jan`adan pada du`ziledi. Usı da`wirde qozılardın` rawajlanıw da`rejesi ha`m konstitutsiya tipleri boyınsha bahalanadı. Bul da`wirde (4 aylıq) talapqa juwap beretug`ın qozılar ajıratıp alınıp na`silshilik ushın keyingi bahalawg`a qaldırıladı. Talapqa juwap beretug`ın yag`nıy rawajlanıw da`rejesi to`men konstitutsiya tipinde o`zgerisler bolsa olar brak qılınıp go`shke tapsırıladı. Tekserilip atırg`an ha`m tekseriw ushın barlıq qozılar bo`lek padalarada saqlanıwı sha`rt.

3. 1-1,5 jasarında bahalaw.

Bunday qoshqarlarg`a aldı rawajlanıw da`rejesi, konstitutsiya tipi menen bahalang`an qoshqarlar qoyıladı. Bul jasta bahalawdın` tiykarg`ı maqseti elita ha`m birinshi klass na`sil qoshqarlar. Na`sili boyınsha 1 klass orta semizliktegi

qoylarg`a qoyılıp qoshqarlar na`sili tekserilip ko`riledi. Na`sildin` sapa jag`ına yag`nıy sperma beriw da`rejesi ha`m onın` sapa ko`rsetkishleri anıqlanadı. Qara ren`degi qoshqarlar ushın na`sil ko`rsetkishleri anıqlanadı. Qara ren`degi qoshqarlar ushın na`sil ko`rsetkishleri boyınsha talap bir bas qoshqar ushın 100 bas qozı alıw nagruzkası belgilenedi. Qara ren`degi qoshqarlardı ko`k ren`degi qoylarg`a qoyıp bir bas qoshqar ushın 100-140 bas. Sur qoshqarlardı sur qoylar u`stinde tekseriw bir bas qoshqar ushın 75 bas sur qozı alıw to`menlew bolıp esaplanadı.

**Pada strukturası.** Padanın` quramı, jınısı, jası ha`m xojalıqtag`ı o`nim beretug`ın ornına baylanıslı boladı. Na`silshilik xojalıqlarda padanın` jınısı ha`m jası boyınsha quramı to`mendegishe boladı usınıs etiledi. (Jıl aqırında ja`mi qoylar bas sanına % esabında)

1. Jasalma urıg`landırıwg`a qoyılatug`ın qoylar bas sanı 70-72 %.
2. Usı jıl tuwılg`an qozılar bas sanı 17-18 %.
3. Na`silli qoshqarlar bas sanı 2-2,5 %.
4. Padanı toltıratug`ın qoshqarlar bas sanı (1,5 jasqa deyin) 0,5 %.
5. Keyingi jılı realizatsiya qılınatug`ın qoshqarlar bas sanı 10,5-7 %.

Tovar xojalıqlarda pada strukturası na`sillik xojalıqlarda realizatsiya qılınatug`ın pada strukturası na`silshilik xojalıqlarda realizatsiya qılınatug`ın qoshqarlar bolmaydı ha`m jasalma urıqlarg`a qoyılatug`ın bas sanı ko`p boladı (75-80 %).

**Selektsiya jumısları.** Qarako`lshilikte selektsiya jumısları 2 usılda gonogen ha`m geterogen usıllarına alıp barıladı.

**Gomogen usılı bul** bir tu`rdegi teri tiplerin juplaw bolıp esaplanadı. Mıs jaket-jaket, tegis-tegis.

**Geterogen usılı bul** eki tu`rdegi teri tiplerin juplaw bolıp esaplanadı. Mıs jaket-kavkaz, jaket-tegis.

Na`silshilik jumıslarında saralaw a) massalıq b) individual (jeke) usıllarda alıp barıladı. Massalıq saralaw tovar xojalıqlarda, al individual saralaw na`silshilik xojalıqlarda paydalanıladı.

Na`sillik zavodının` tiykarg`ı wazıypaları joqarı o`li haywanlardı o`siriw ha`m tarqalıw jolı menen parodanı rawajlang`an ibarat. Arnawlı xojalıqlarda keleshekte ekonomikasın zavod parodalı, liniyaları, tipleri h.b. jaratıwda paydalang`an haywanlardın` en` joqarı o`nimdarlıq da`rejesine erisilgen bolıwı kerek. Na`silshilik zavodlardag`ı qoylar tiykarınan zavod gruppalardag`ı haywanlardan ha`m na`silli haywanlardan ibarat boladı. Bunnan tısqarı na`silshilik zavodlarında paydalanatug`ın haywanlarda boladı. Olar ayırıp saqlanadı.

Na`silshilik zavodı padasının` u`lkenligi xojalıqtın` wazıypalarına, sonday-aq ot-jem bazasının` jag`daylarına qarap belgilenedi.

40-50 mın` bas qoylı padanı optimal u`lkenliktegi pada dep esaplaw kerek. Ma`mleket na`silshilik zavodlardag`ı qoylardın` ha`mmesi joqarı klasslı boladı ha`m I klass qoylar salmag`ı 45-50 % den, sol sebepten elita qoyları 10-20 %, elita klass na`silli qoshqarlar bolsa 60-70 % kem bolmawı kerek.

**Na`silshilik xojalıqları** – Na`silshilik xojalıqlarda a`melge asıratug`ın na`sillik islerdin` tiykarg`ı wazıypaları joqarı o`nimdar qoshqarlar ha`m qoylar jetistiriwden, olardı o`siriw ha`m tovar xojalıqlarg`a satıwdan ibarat. Na`silshilik xojalıqlarda na`silshilik zavodlardan alıp kelinetug`ın qoshqarlardan yamasa na`silshilik zavodlardan alıp kelinetug`ın na`silli qoshqarlar tuwrı xojalıqlardın` o`zinde jetistiretug`ın qoshqarlardan paydalanıladı.

Na`silshilik xojalıqlarda padanın` sıpat quramına qarap na`silshilik ha`m tovar jetistiriwshi pada du`zilerdi. Fermalardag`ı na`silli qoylar padası jaylaw ot-jem sharayatına qarap:

12-15 mın` bastan ha`m tovar fermalarda

15-20 mın` bastan ibarat boladı. Na`silshilik savxozlarda elita ha`m I klass qoylar salmag`ı 30-40 %, sol sebepten elita qoyları 5-10 % kem bolmawı, elita klass na`silli qoshqarlar salmag`ı 40-50 % kem bolmawı kerek.

**Tovar xojalıqları -** tovar xojalıqlardın` tiykarg`ı wazıypaları o`nim birligine en` kem mug`darda qa`rejet jumsap ko`p mug`darda sapalı qarako`l terisi ha`r bir qarako`lshilikten alınatug`ın o`nimler jetistiriwden ibarat. Tovar xojalıqlarda qoyları jasalma urıg`landırıw ma`mleketlik na`silshilik zavodları ha`m na`silshilik

xojalıqlardan satıp alıng`an na`silli qoshqarlarg`a ha`r ma`wsimde 500-600 bas qoy bas sanı nagruska qılınadı.

Qarako`l teri tipleri qozılar tuwılg`annan keyingi da`slepki ku`nlerde anıqlanadı, sebebi qozılar o`sip, rawajlang`an sayın, a`sirese, ju`ni o`sken sayın gu`lleri buzılıp o`zgerip baradı ha`m na`tiyjede qozının` belgili bir qarako`l teri tipine kiretug`ınlıg`ın anıqlaw mu`mkin bolmay qaladı. Jan`a tuwılg`an qozılardın` qarako`l teri tipi onın` tiykarg`ı belgili bolg`an qa`lem gu`lli buyralıg`ına qaray anıqlanadı. Jaket tip-yarım domalaq buralg`an gu`lli, qa`lem gu`lli buyralang`an jerleride ushıraydı. Yarım domalaq gu`lli (jaket) bul tipdegi gu`ller o`z na`wbetinde to`mendegilerge bo`linedi. a) Yarım domalaq b) ken` gu`lli v) qısqa biyikli g) iyer ta`rizli. Bul tiptegi qarako`l gu`lli teriler joqarı bahalı esaplanadı. Qabırg`a ta`rizli tip bul gu`ller qabırg`a ta`rizli bolg`anlıg`ı ushın solay ataladı ha`m bul tipke qabırg`a ta`rizli gu`ller, ken` yarım domalaq gu`ller kiredi.

Tegis tip bul tiptegi gu`ller arasındag`ı qashıqlıq bilinbeytug`ın da`rejede boladı. Gu`l qol menen sıypag`anda gu`l biyikligi sezilmeydi. Bul tiptegi joqarı jıltıraqlıq ha`m jipekliligi menen ayırılıp turadı ha`m yarım domalaq, qabırg`a ta`rizli, tegis ha`m 1 as gu`ller ushıraydı. Terileri qımbat bahalı esaplanadı.

Kavkaz tipii bul tiptegiler onsha qımbat bolmag`an terilerge kiredi ha`m bob, koltso, rezba ta`rizli, gribok ta`rizli gu`ller kiredi.

### 3.3. Qa`niygelik jumıstın` talqılanıwı

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Ken`esi prezidiumnının` qararı 17-aprel 2008-jılı belgilendi. Bul qarar joybarı boyınsha 24-statiyadan turadı. Na`silshiliktegi tiykarg`ı wazıypalar na`silshilik obekt ha`m subektleri basshılıq etiw na`silshiliktegi bonitirovka jumısları ha`m onnan paydalanıw jasalma uruqlanıw tuwrısında ga`p ketedi.

Qabıl etilgen ila`jlardı a`melge asırıw 2010-jılda jeke ja`rdemshi ha`m diyxan xojalıqlarında qara mallardın` sanın 8,6 milliong`a asırıw, sharwashılıq o`nimlerin jetistiriw menen ba`nt bolg`anlardın` sanın sezilerli da`rejede ko`beytiw, olardın`

materiallıq abadanlıg`ın tag`ı da arttırıw mu`mkinshiligin beredi. Bul ushın birinshi na`wbette qayta islewshi kishi ka`rxanalardı sho`lkemlestiriw za`ru`rdur.

Tarawdın` tiykarg`ı o`nimi bolg`an qarako`l terilerdin` ko`pshiligi kishi ka`rxana ha`m firmalar ta`repinen qayta islenbekte. Qayta islengen qarako`l teri o`nimlerinin` ba`sekege shıdamlı bolıwında jetilisken shet el texnologiyaların ha`m a`sbap-u`skenelerin engiziw a`hmiyetke iye. Zavod o`nimleri yarım tayar o`nim emes, al eksportbap o`nimler bolmag`ı lazım. Qarako`l qoyları o`rshitiletug`ın aymaqlarda qarako`l, qoy terileri, ju`n, su`t, qarınsha, shaq, tuyaq, ishek o`nimlerine qayta islew beriwshi ha`m tayar o`nimler islep shıg`arıwshı ha`r qıylı mu`lkshilik formalarına tiykarlang`an arnawlı kishi ka`rxanalar ashıw ju`da` a`hmiyetli.

Qoylardın` suw menen ta`miyinleniwi bolsa qudıq ha`m artezian qudıqlardın` jaylawlarda jaylasıwı ha`m olardın` awhalına baylanıslı. Qaraqalpaqstan Respublikası «Qarako`l» birlespesi sistemasındag`ı qarako`lshilik shirket xojalıqlarının` aymaqlarında 210 qudıq ha`m 293 artezian qudıg`ı ha`mde 8 kilometr suw tarmaqları bar bolıp, bul suw dereklerinde xojalıqlardag`ı qarako`l qoyları, qaramal, at ha`m tu`yelerdi suw menen ta`miyinlemekte.

Bul imaratlardın` bir bo`leginin` keyingi jıllarda isten shıg`ıwı jaylawlardın` suw menen ta`miyinleniwin keskin jamanlastırdı. Na`tiyjede qarako`lshilik shirket xojalıqlarının` suwg`a bolg`an talabı 1,4 esege, ayırım shirketlerde bolsa 1,5 esege arttı. Ko`p jag`daylarda suw sharwa mallarına transportlarda tasıp keltirilmekte. Sonın` menen birge sharwa malların suwlı qudıqlarg`a u`lken aralıqlarg`a aydaw jaylawlardın` krizisin ku`sheyttirip, azıqlıq o`simliklerdin` ayaq astında eziliwine, qoylardın` fiziologiyalıq rawajlanıwına keri ta`sir etip, o`nimdarlıg`ının` kemeyiwine ha`m o`nimnin` o`zine tu`ser bahasının` asıwına sebep bolmaqta. Bar bolg`an suw imaratlarının` 28-30 % isten shıqqan ha`m iri on`law da`rejesine kelgen (8,9 qosımsha). Bunın` na`tiyjesinde qarako`lshilik shirket xojalıqlarının` 25-30 % hasıldar jaylaw maydanları suwsızlıq sebebinen o`nim islep shıg`arıwda qatnaspaydı.

Qoylardı bag`ıw bizin` respublikamız jag`daylarınad qıs ayları 210 ku`n, jaz aylarında bolsa 155 ku`ndi quraydı. Sonın` ushın qıs aylarınan ha`r bir sha`rtli bas ushın 1-1,5 azıq birligi qosımsha ot-jem tayarlanıwı kerek. Bul qosımsha ot-jemnin` 40-50 % iri ot-sho`pke, 30 % kontsentrat azıqqa, qalg`an, 18-20 % maylı azıqlarg`a (gu`njara, sholxa) bolıwı kerek. Ayırım xojalıqlardı mexanizatsiyalastırg`an xojalıqlarda qıs ayları ushın senaj ha`m vitamin unı tayarlanadı.

Qarako`l qoyların qozılatıw da`wirinde tiykarınan 3 toparg`a bo`lip (sakmang`a) bag`ıladı.

1. Kishi sakman

Jan`a tuwılg`an qozılar ushın qora a`tirapındag`ı jaqın jaylawlar, jan`a tuwılg`an da`wirden baslap bir ha`ptelik da`wirge deyin qozılar ushın. Bunda sawlıq qoylar menen qozılar qosıp bag`ıladı, qoylar ushın qosımsha sutkasına 300 gramnan vitamin unı yamasa kontsentrat azıq beriledi.

2. Orta sakman.

Ol bir ha`ptelikten 20 ku`nlik da`wirge deyin bolg`an qozılar ana sawlıqları menen qosıp bag`ıladı.

3. U`lken sakman.

Bul 20 ku`nlik da`wirden 4 aylıq da`wirge deyin bolg`an qozılar ana sawlıqları menen qosıp bag`ıladı. Qarako`l qoylardı bag`ıw tek teri alıw ushın emes go`sh, ju`n-shirdan ha`m su`t alınadı.

Ha`r bir xojalıqta qozılar rawajlanıw da`rejesine qaray ekstererine, den-sawlıg`ına, konstitutsiyasına qaray na`silli qoshqarlar jetistiriw maqsetinde 10-15 ku`nliginde, 1,5 jasarında bahalanadı.

Bunday bahalawlar (dinamik bonitirovka) metodik ko`rsetpeleri M.F.Ivanov ta`repinen islep shıg`ılg`an zavod tipindegi na`silshilik xojalıqlarında na`sil alıw ushın 10-15 ku`nlik, 4 aylıq ha`m 1,5 jasar da`wirinde to`mendegishe bahalanadı.

1. 10-15 ku`nlik da`wirinde bahalaw.

Qarako`l teri sapa ko`rsetkishleri qarako`l gu`linin` saqlanıp qalıw da`rejesi, teri tipleri, ren`i esapqa alınıp bahalanadı ha`m de to`mendegi ko`rsetkishlerge

sıpatlama beriledi. Rawajlanıwı, semizilik da`rejesi, pigmentatsiya saqlanıw da`rejesi, jipeklilik ha`m jıltıraqlılıq saqlanıw da`rejesi boyınsha 10-15 ku`nlik da`wirinde qarako`l terisinin` sapasında o`zgerisler bolsa yag`nıy aq ju`n talaları payda bolg`an bolsa, qara ren`de qon`ır ren`ge yamasa o`z ren`inen basqa ren`ge o`tken rawajlanıw to`menlese, yamasa qopal konstitutsiyag`a o`tken bolsa brak qılınadı. Bunday bahalaw xojalıq bas zootexnigi, bunday na`silshilik zootexnigi, bonitirovkashı ta`repinen 10-15 ku`n ishinde a`melge asıradı.

2. 4 aylıg`ında bahalaw.

Qozılar bul da`wirde anasınan ajıratıladı ha`m jan`adan pada du`ziledi. Usı da`wirde qozılardın` rawajlanıw da`rejesi ha`m konstitutsiya tipleri boyınsha bahalanadı. Bul da`wirde (4 aylıq) talapqa juwap beretug`ın qozılar ajıratıp alınıp na`silshilik ushın keyingi bahalawg`a qaldırıladı. Talapqa juwap beretug`ın yag`nıy rawajlanıw da`rejesi to`men konstitutsiya tipinde o`zgerisler bolsa olar brak qılınıp go`shke tapsırıladı. Tekserilip atırg`an ha`m tekseriw ushın barlıq qozılar bo`lek padalarada saqlanıwı sha`rt.

3. 1-1,5 jasarında bahalaw.

Bunday qoshqarlarg`a aldı rawajlanıw da`rejesi, konstitutsiya tipi menen bahalang`an qoshqarlar qoyıladı. Bul jasta bahalawdın` tiykarg`ı maqseti elita ha`m birinshi klass na`sil qoshqarlar. Na`sili boyınsha 1 klass orta semizliktegi qoylarg`a qoyılıp qoshqarlar na`sili tekserilip ko`riledi. Na`sildin` sapa jag`ına yag`nıy sperma beriw da`rejesi ha`m onın` sapa ko`rsetkishleri anıqlanadı. Qara ren`degi qoshqarlar ushın na`sil ko`rsetkishleri anıqlanadı. Qara ren`degi qoshqarlar ushın na`sil ko`rsetkishleri boyınsha talap bir bas qoshqar ushın 100 bas qozı alıw nagruzkası belgilenedi. Qara ren`degi qoshqarlardı ko`k ren`degi qoylarg`a qoyıp bir bas qoshqar ushın 100-140 bas. Sur qoshqarlardı sur qoylar u`stinde tekseriw bir bas qoshqar ushın 75 bas sur qozı alıw to`menlew bolıp esaplanadı.

**Pada strukturası.** Padanın` quramı, jınısı, jası ha`m xojalıqtag`ı o`nim beretug`ın ornına baylanıslı boladı. Na`silshilik xojalıqlarda padanın` jınısı ha`m

jası boyınsha quramı to`mendegishe boladı usınıs etiledi. (Jıl aqırında ja`mi qoylar bas sanına % esabında).

1. Jasalma urıg`landırıwg`a qoyılatug`ın qoylar bas sanı – 70-72 %

2. Usı jıl tuwılg`an qozılar bas sanı- 17-18 %.

3. Na`silli qoshqarlar bas sanı - 2-2,5 %.

4. Padanı toltıratug`ın qoshqarlar bas sanı (1,5 jasqa deyin) - 0,5 %.

5. Keyingi jılı realizatsiya qılınatug`ın qoshqarlar bas sanı 10,5-7 %.

Tovar xojalıqlarda pada strukturası na`sillik xojalıqlarda realizatsiya qılınatug`ın pada strukturası na`silshilik xojalıqlarda realizatsiya qılınatug`ın qoshqarlar bolmaydı ha`m jasalma urıqlarg`a qoyılatug`ın bas sanı ko`p boladı (75-80 %).

**Selektsiya jumısları.** Qarako`lshilikte selektsiya jumısları 2 usılda gonogen ha`m geterogen usıllarına alıp barıladı.

**Gomogen usılı bul** bir tu`rdegi teri tiplerin juplaw bolıp esaplanadı. Mıs jaket-jaket, tegis-tegis.

**Geterogen usılı bul** eki tu`rdegi teri tiplerin juplaw bolıp esaplanadı. Mıs jaket-kavkaz, jaket-tegis.

Na`silshilik jumıslarında saralaw a) massalıq b) individual (jeke) usıllarda alıp barıladı. Massalıq saralaw tovar xojalıqlarda, al individual saralaw na`silshilik xojalıqlarda paydalanıladı.

Na`sillik zavodının` tiykarg`ı wazıypaları joqarı o'li haywanlardı o`siriw ha`m tarqalıw jolı menen parodanı rawajlang`an ibarat. Arnawlı xojalıqlarda keleshekte ekonomikasın zavod parodalı, liniyaları, tipleri h.b. jaratıwda paydalang`an haywanlardın` en` joqarı o`nimdarlıq da`rejesine erisilgen bolıwı kerek. Na`silshilik zavodlardag`ı qoylar tiykarınan zavod gruppalardag`ı haywanlardan ha`m na`silli haywanlardan ibarat boladı. Bunnan tısqarı na`silshilik zavodlarında paydalanatug`ın haywanlarda boladı. Olar ayırıp saqlanadı.

Na`silshilik zavodı padasının` u`lkenligi xojalıqtın` wazıypalarına, sonday-aq ot-jem bazasının` jag`daylarına qarap belgilenedi.

40-50 mın` bas qoylı padanı optimal u`lkenliktegi pada dep esaplaw kerek. Ma`mleket na`silshilik zavodlardag`ı qoylardın` ha`mmesi joqarı klasslı boladı ha`m I klass qoylar salmag`ı 45-50 % den, sol sebepten elita qoyları 10-20 %, elita klass na`silli qoshqarlar bolsa 60-70 % kem bolmawı kerek.

**Na`silshilik xojalıqları** – Na`silshilik xojalıqlarda a`melge asıratug`ın na`sillik islerdin` tiykarg`ı wazıypaları joqarı o`nimdar qoshqarlar ha`m qoylar jetistiriwden, olardı o`siriw ha`m tovar xojalıqlarg`a satıwdan ibarat. Na`silshilik xojalıqlarda na`silshilik zavodlardan alıp kelinetug`ın qoshqarlardan yamasa na`silshilik zavodlardan alıp kelinetug`ın na`silli qoshqarlar tuwrı xojalıqlardın` o`zinde jetistiretug`ın qoshqarlardan paydalanıladı.

Na`silshilik xojalıqlarda padanın` sıpat quramına qarap na`silshilik ha`m tovar jetistiriwshi pada du`zilerdi. Firmalardag`ı na`silli qoylar padası jaylaw ot-jem sharayatına qarap:

12-15 mın` bastan ha`m tovar firmalarda.

15-20 mın` bastan ibarat boladı. Na`silshilik savxozlarda elita ha`m I klass qoylar salmag`ı 30-40 %, sol sebepten elita qoyları 5-10 % kem bolmawı, elita klass na`silli qoshqarlar salmag`ı 40-50 % kem bolmawı kerek.

**Tovar xojalıqları -** tovar xojalıqlardın` tiykarg`ı wazıypaları o`nim birligine en` kem mug`darda qa`rejet jumsap ko`p mug`darda sapalı qarako`l terisi ha`r bir qarako`lshilikten alınatug`ın o`nimler jetistiriwden ibarat. Tovar xojalıqlarda qoyları jasalma urıg`landırıw ma`mleketlik na`silshilik zavodları ha`m na`silshilik xojalıqlardan satıp alıng`an na`silli qoshqarlarg`a ha`r ma`wsimde 500-600 bas qoy bas sanı nagruska qılınadı.

## Juwmaqlaw ha`m usınıslar

Pitkeriw qa`niygelik jumısın orınlay otırıp, alıng`an na`tiyjelerdi analizlep to`mendegi juwmaq ha`m usınısqa keldik.

1. Qarako`l qoylarının` ayırım biologiyalıq ko`rsetkishleri bolg`an tiri awırlıg`ı ta`sir o`sip rawajlanıw ko`rsetkishlerine ta`sir ko`rsetedi.

Ta`jiriybedegi 2,0-2,5 kg tiri salmaqtag`ı dag`ı qaraqalpaq sur qozılardın` (p=5) jawrın biyikligi 100 % dep qabıl etilse, 2,5-3,0 kg tiri salmaqtag`ı dag`ı qozılardın` jawrın biyikligi 101,9 %, 3,0-3,5 kg tiri salmaqtag`ılarda bolsa 103,3 %, 3,5-4,0 kg tiri salmaqtag`ılarda 104,1 %, 4,0-4,5 kg tiri salmaqtag`ılarda 104,8 % ekenin ko`riw mu`mkin. Qalg`an eksterer ko`rsetkishlerde tiri salmag`ı asg`an sayın o`sip barg`anın ko`riw mu`mkin.

2. Ta`jiriybedegi qozılardın` tiri salmag`ı jasına qaray o`zgeriwin analiz qılg`anımızda 2,0-2,5 kg tiri salmaqta tuwılg`an qozılarda 10- ku`nlik da`wirine kelip 5,5±0,3 kg bolg`an bolsa, 1-aylıq da`wirinen kelip 7,8±0,7 kg bolg`an. Yag`nıy 1-aylıq da`wirinde absolyut o`sim 5,3 kg quradı.

Bul ko`rsetkish 2,5-3,0 kg topardag`ılarda 5,1 kg, 3,0-3,5 kg topardag`ılarda 5,1 kg, 3,5-4,0 kg topardag`ılarda 4,9 kg, 4,0-4,5 topardag`ılarda 4,8 kg dı quradı. Juwmaq qılıp aytsaq tiri salmag`ı tuwılg`an waqıtta az bolsa da keyingi jaslarg`a kelip 10-ku`n, 1-aylıq arasındag`ı parq qısqarıp barg`anın ko`riw mu`mkin.

3. Tuwılg`an waqıttag`ı tiri salmaq qanshelli ko`p bolsa, Sur da`rejesi asıp, yag`nıy teri sapası ushın unamsız ko`rsetkishlerdin` payda bolıwı gu`zetiledi.

Surlıq da`rejesi qanshelli ko`p bolsa, Qaraqalpaq sur terileri o`zinin` originallıg`ın joytadı yag`nıy aq ren`degiler sanı ko`beyip baradı. Juwmaq qılıp aytsaq jan`a tuwılg`an qozılar tiri salmag`ı optial bolıwı kerek.

4. Jan`a tuwılg`an qozılardın` bir aylıq da`wirindegi jasawshan`lıg`ı ha`r qıylı bolg`an, yag`nıy 2,0-2,5 kg (p=5) topardag`ılarda tuwılg`an qozılarda jasawshanlıq 80,0 % bolg`an. Al, 2,5-3,0 kg (p=6) tiri salmaqdag`ı tuwılg`an qozılarda jasawshanlıq 83,3 % bolg`an bolsa, 3,0-3,5 kg (p=8) ha`m 3,5-4,0 kg (p=7) tiri salmaqtag`ı toparlarda jasawshanlıq 100,0 %, 4,0-4,5 kg (p=5) topardag`ılarda bolsa 80,0 % ekenin ko`riw mu`mkin.

## Usınıs

Qarako`lshilikte o`sip rawajlanıw ko`rsetkishlerin asırıw, tuwılg`an qozılar jasawshan`lıg`ın arttırıw ha`m teri sapasın jaqsılaw maqsetinde qarako`l qoylarının` 1-3 ku`nlik da`wirinde tiri salmag`ına bonitirovkalawda itibar beriwdi usınıs etemiz.

## IV.Bap.

## 4.0. Insan xızmeti qa`wipsizligi

### 4.1. Qarako`lshilik fermalarındag`ı miynet qa`wipsizlikleri

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 7-noyabr 1994-jılg`ı 538-sanlı qararına tiykarlanıp ka`rxanalarda miynetti qorg`aw ma`mleket basqarıwına o`tkerildi ha`m bul ma`selede bas juwapker etip Miynet ministrligi tayınlandı. Keyninen Ministrler Kabinetinin` 16-fevral 1995-jılg`ı 58-sanlı qararı menen Miynet ministrligi janınan Miynetti Qorg`aw Basqarması du`zildi. Bul Basqarmanın` wazıypası Respublikamızdag`ı ka`rxana ha`m ma`kemelerde miynet qa`wipsizligin ta`miyinlewge baylanıslı bolg`an sho`lkemlestiriw ha`m texnikalıq mashqalalardı o`z waqtında sheshiliwin qadag`alaw ha`mde qa`wipsizlik standartların talqılaw ha`m tastıyıqlaw protsessinde qatnasıw h.t.b. ibarat. (Yo’ldashev, 1988 yil). Miynet qa`wipsizligi xızmetin tikkeley ma`kemenin` basqarıwshısı basqaradı. Og`an, is ju`zinde bul xızmetti sho`lkemlestiriw ushın, onın` ja`rdemshisi ha`m tiykarg`ı juwapker adam retinde texnika qa`wipsizligi boyınsha injener tayınlanadı ha`m og`an ja`rdemshiler ushın ko`p jıllıq is ta`jiriybesine iye injener-texnik xızmetkerler, miynet ja`ma`a`ti ha`m ka`siplik awham komiteti ta`repinen miynetti qorg`aw boyınsha o`zleri saylag`an wa`killer qabıl etiledi. (Yuldashev, 1988i yil). Miynet qa`wipsizligi xızmetinin` tiykarg`ı wazıypaları jumıs orınlarında ha`m onın` menen baylanıslı jumıs protsesslerinde ju`zege keletug`ın jaraqatlanıw ha`m basqa baxıtsız ha`diyselerdi keltirip shıg`aratug`ın sebeplerdi joq qılıw ha`m ma`keme adminstarttsiyasının` xızmetkerlerine jumıs sharayatın jaqsılap barıwı u`stinen qadag`alap turıwı, ilim ha`m texnika jetiskenliklerin engiziw tiykarında miynet qa`wipsizligi ha`m qorg`anıw quralların u`zliksiz jetilistiriw, miynet ma`deniyatın asırıw, baxıtsız ha`diyselerdin` aldın alıwg`a qaratılg`an sho`lkemlestiriw texnikalıq ha`mde sanitariya a`mellerin islep shıg`ıw ha`m olardı engiziw h.t.b. ibarat.

Qarako`lshilik fermasında tiykarınan miynetti qorg`aw isleri ju`n qırqım da`wirinde elektr energiyasınan saqlanıw tiyis. Jasalma urıqlandırıw ushın kerekli

u`skeneler, terini qayta islew a`sbapları elektr energiyasınan quwat alıp isleydi. Sonlıqtan miynet qa`wipsizligi elektr energiyasınan saqlanıw sharaları to`mendegishe. Qarako`lshilik xojalıqlarında elektr energiyasınan ken` ko`lemde paydalanıwda jolg`a qoyılg`anlıg`ı sebepli elektr togı ta`sirinde orın alıwı mu`mkin bolg`an baxıtsız waqıya ha`m olardan saqlanıw a`hmiyetli ma`seleler qatarına kirip barmaqta. Elektr togının` en` qa`wipli ta`siri sonnan ibarat, bul qa`wipti aldınıraq seziw, imkaniyatı joq. Sonın` ushında aldınıraq seziw, imkaniyatı joq. Sonın` ushında elektr togı qa`wpine qarsı sho`lkemlestiriw ila`jların belgilew, tosıq u`skeneleri menen ta`miyinlew jeke ha`m ja`miyet qa`wipsizlik tizimlerin ornatıw ju`da` a`hmiyetli. Ulıwma elektr togı ta`siri tek bir g`ana biologiyalıq ta`sir menen sheklenip g`ana qalmastan, ba`lki elektr jayı ta`siri magnit maydanı ta`siri ha`m statik elektr ta`sirlerine bo`linedi, oladı biliw ha`r bir adam ushın kerek ha`m za`ru`rli mag`lıwmatlar qatarına kiredi. (Yuldashev 1988 yil)

Qarako`lshilik xojalıqlarında iri ot-sho`pti maydalawda mexanizmlerden ha`m elektr togınan saqlanıw. Elektr togınan adam organizmi termik, elektrolitik ha`m biologiyalıq ta`sir menen sheklenip qalmastan, ba`lki ayırım organlardın` ku`yiwi qan tamırları, nerv ha`m kletkalardın` qızıwı menen, ayırım jag`dayda o`mirge qa`wip tuwadı.

Elektrlitik ta`siri bolsa qan yamasa kletkalar quramındag`ı duzlardın` bo`liniwi na`tiyjesinde qannın` fizikalıq, ximiyalıq qa`siyetlerinin` o`zgeriwine alıp keletug`ın ha`reket esaplanadı. Bunda elektr togı oraylıq nerv sisteması ha`m ju`rek qan tamır sistemasın kesip o`tpesten, denenin` ayırım bir bo`limlerine g`ana ta`sir etedi. Elektr togının` biologiyalıq ta`siri bul tiri organizm ushın ta`n bolg`an qa`siyet esaplanadı. Bul ta`sir na`tiyjesinde mu`skillerdin` keskin qısqarıwı na`tiyjesinde, insan organizdegi bioelektrik protsessler buzıladı.

Sırtqı ortalıqtan joqarı ku`shleniwdegi elektr togı yag`nıy insan organizmdegi biotiklar rejimi buzıladı, na`tiyjede insan organizmi tok urıw yag`nıy basqarıwsız qalg`an organizmde o`mir ha`reketinin` ayırım bir funktsiyaları orınlanbay qaladı. Elektr togınan jaraqatlanıwdın` aldın alıwg`a qaratılg`an tiykarg`ı ila`jlar

to`mendegiler. 1.Ku`shleniw astında bolg`an o`tkizgishlerdi qol jetpeytug`ın etip jaylastırıw. 2. Elektr tarmaqların ayırıp jaylastırıw.

3. Elektr qurılmaları korpusında eletr togının` payda bolıwına qarsı ila`jlardı belgilew. a) Kem ku`shleniwge iye bolg`an elektr tarmag`ınan paydalanıw. b) Eki bo`limli qorg`aw qabıqlar menen ta`miyinlew. v) Potentsiallardı ten`lestiriw, g) Jerge ulap qorg`aw, d) Nol sımına ulap qoyıw, e) Qorg`awdı o`shiriw qurılmaları h.t.b.

4. Arnawlı elektr qorg`awdın` dizimlerinen paydalanıw.

5. Elektr qurılmaların qa`wipsiz isletiwdi sho`lkemlestiriw. Elektr tarmaqların bo`lek jaylastırıw degende elektr tarmaqların o`z-ara transformator ja`rdeminde tarmaqqa bo`lip jiberiw tu`siniledi. Bunın` na`tiyjesinde ajıratılg`an tarmaqlar u`lken qorg`aw izolyatsiyası qarsılıg`ına iye boladı, sonın` ushın o`tkizgishlerdin` jerge qarag`anda sıyımlılıg`ı kishkene bolıwı qa`wipsizlikti ta`miyinlewde u`lken rol oynaydı.

Qarako`lshilik xojalıqlarında iri ot-sho`pti maydalawshı u`skenelerdi o`z waqtında ko`zden keshiriw, tiyisli remont jumısların islew kerek.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar.

1. Karimov I.A. Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi, O'zbekiston sharoitida uni bartaraf etishning yo'llari va choralari– T: O'zbekiston, 2009. – 56 b.

2. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining «Shaxsiy yordamchi, dexqon va fermer xo'jaliklarida chorva mollarini ko'paytirishni rag`batlantirishni kuchaytirish hamda chorvachilik mahsulotlarin ishlab chiqarishni kengaytirish borasidagi qwshimcha chora tadbirlar to'g`risida» gi 2008 yil 23 aprel PF -842 sonli farmoni.

3. Axmetshiev A.S. «Rekomendatsiya sozdaniya spetsializirovannıx plemennıx stad karakulskix ovets Karakalpakskogo sura, Alma-ata Kaynar» 1989 g 15-str.

4. Borisenko E.Ya, Baranova K.V. «Praktikum po razvedeniyu selskoxozyaystvennıx» Moskva, Kolos, 1984 g.

5. Zakirov M. D, Karimov K «Smushkovedenie» «Mehnat» Tashkent, 1987, 132.

6. Zokirov M.D, Yusupov S.Yu. «Biologiya qarakulskiy ovtsı» Tashkent «Fan» 1992 g 203 str.

7. Zakirov M.D, Valiev U, Sharibaev Sh. «Qorako'lchilik» O'qituvchi, Tashkent, 1983 yil 301 b.

8. Kantsepolskiy A.S «Uchebnaya kniga karakulevoda» Kolos, Moskva, 1973, 158 str.

9. Kulikov «Obshaya Zootexniya» Moskva, Kolos, 1973, 158 str.

10. Preyskurant Gost 8748-70 Karakul chistoporodnıy chernıy ne vıdelennıy, Moskva, 1970.

11. Turganbaev R.U. Avtoreferat diss na sois uchen. stepeni kandidata s-x nauk, Tashkent 1993, 21 str.

12. Turganbaev R.U. «Qarako`lshilik, terishilik tiykarları menen» metodikalıq qollanba, No`kis, 2005 jıl 50-bet.

13. M.Tavrielov M.Ch «Spetsializatsiya Karakulevodstva», Tashkent, Mehnat 1985 god.

14. Yuldashev, «Mehnatni muhafoza qilish» «Mehnat» Tashkent 1988 yil 265-bet.

15. Kukenov U. «Qorakulchilik bozorni kuzlab» Jurnal. O’zbekiston qishloq xo’jaligi, Toshkent, 2006, №11, 22-bet.

16. Turganbaev R.U. Podbor – osnova selektsiy Sbornik nauchnıx trudov, Nukusskiy filial TashGAU, Karakalpakstan, 2006 jıl, 44-bet.

17. Turganbaev R U  Kachestvo produktsiy – uspex selektsiy Sbornik nauchnıx trudov, Nukusskiy filial TashGAU, Karakalpakstan, 2006 jıl, 49-bet

18. Turganbaev R.U. Upitannost karakulskix ovets i vıxod myasa mejdunarodniy konferentsiya, Rossiya, g. Barnaul, 2007 jıl.

19. S. Yusupov, A. Gaziev, U. Fozilov Qarakul quylarining yangi zavod tiplari Jurnal  Zooveterinariya Tashkent, 2007 jıl, 40-41 bet.

20. K Madaminov Qorako’lchilik istiqbollari Jurnal, Zooveterinanariya Tashkent, 2007 jıl,42-43 bet.

21. S. Yusupov, A. Gaziev, U. Fozilov. Qarakul quylarining yangi zavod tiplari Jurnal  Zooveterinariya Tashkent, 2007 jıl, 40-41 bet.

22. K.Madaminov Qorako’lchilik istiqbollari Jurnal, Zooveterinanariya Tashkent, 2007 jıl,42-43 bet.

23. S. Yusupov, A. Gaziev, U. Fozilov. Qarakul quylarining yangi zavod tiplari Jurnal. Zooveterinariya Tashkent, 2007 jıl, 40-41 bet.

24. K.Madaminov. Qorako’lchilik istiqbollari Jurnal, Zooveterinariya Tashkent, 2007 jıl, 42-43 bet.

25. S. Yusupov, A. Gaziev, U. Fozilov. Qarakul quylarining yangi zavod tiplari Jurnal. Zooveterinariya Tashkent, 2007 jıl, 40-41 bet.

26.K.Madaminov. Qorako’lchilik istiqbollari Jurnal, Zooveterinanariya Tashkent, 2007 jıl, 42-43 bet.

27 S. Yusupov, A. Gaziev, U. Fozilov. Qarakul quylarining yangi zavod tiplari Jurnal  Zooveterinariya Tashkent, 2007 jıl, 40-41 bet.

Qosımshalar



Qaraqapaq sur terisi, erik gul
1-sort, qabırg`a ta`rizli



Qaraqalpaq sur terisi,
qarakamar 1-sort,



Qaraqapaq sur terisi, ashıq kamar, jaket